ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЭКІЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№95 (22.003) ● 2011 гъэм накъыгъэм (майм) и 26, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Парламентым

И мыхьэнэр къэІэтын

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щекІуэкІащ «Урысей Геаграфие Зэгухьэныгъэм» и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и щІэныгъэлІхэм я советым и зэІущІэ. Абы кърихьэлІахэр ящхьащ «Заповедная Россия-Синильга» автомобиль экспедициэм хэтхэм. Абыхэм КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и япэ къуэдзэ Жаным Руслан хъуэхъу псалъэхэмкІэ захуигъэзащ нкІи хэхауэ къигъэтхъэгъуащ «Урысей Геаграфие Зэгухьэныгъэм» и лЫкІуэхэр къызэрыкІуам мы Іуэхум и мыхьэнэр нэхъри кьиІэтыну зэрыщыгугъыр.

«УРЫСЕЙ Геаграфие Зэгухьэныгъэм» и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и тхьэмадэ, КъБР-м и Парламентым и депутат, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ академием и ректор, УФ-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, мэкъумэщ щІэныгъэхэм я доктор Жэрыкъуэ Борис тепсэлыхьащ езыр зи пашэ къудамэу 2010 гъэм кьыз зарегистрацие и кьалэнхэм. Абыхэм хеубыдэ щІэныгъэ къэхъуэрыкІи абы хэтхэм Урысеим и европэ Іыхьэм, Сыбыриям, Уралым хиубыдэ заповедникхэр кьызэхакІухьынущ. Мурад нэхъыщхьэу абыхэм зыхуаГъэувыжьыр Урысеим щыІэ заповедникхэр зыхэт гугъуехь щхьэхуэхэр дзэгъкІыным жылагьуэм гу лъегъэтэнырщ, экологие туризмым щІынальэхэм зыщегъэжьынырщ. Плотниковэ Ольгэ тепсэлыхьащ «Урысей Геаграфие Зэгухьэныгъэм» мы зэманым зэрызэжьыям. «Мы зэгухьэныгъэм и президенту Шойгу Сергей, Попечительскэ советым и тхьэмадэу Путин Владимир 2009 гъэм и щэкІуэгъуэ маазэм зэрыхахам кьеГъэльэгъуэ ди къэралым и унафэщІхэм я нэІэ экологиер хьумэным зэрытрагъэтыр, абы и лЪэныкъуэкІэ «Урысей Геаграфие Зэгухьэныгъэм» кьалэн ин кьыззэрыбгъдэхуэр. Мыхьэнэшхуэ зиІэ мы Іуэхуэр дгъэзыжьынымрэ щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэр къэхутэныгъэ Іуэхуэхэм драгъэхьэх.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министрствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лЫкІуэхэр кьызэрыхьэлІа мы зэІущІэм щытепсэхьыхьащ ди щІынальэм щыІэ заповедникхэмрэ хэхауэ яхьумэ щІынальэхэмрэ зекІэным, зегъэужьным, щхьэхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр зэтегъэувэжьным, экологие туризмым зегъэужьным.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ.

Референт центрым и унафэщІ Сэхъурокъуэ Хьэутий

УФ-м Ветеринар, фитосанитар кІэлъыплъныгъэмкІэ и федеральнэ кьулыкъущІапІэм и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Саурин А. и унафэкІэ Сэхъурокъуэ Хьэутий «Ветеринар, фитосанитар кІэлъыплъныгъэмкІэ федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Къэбэрдей-Балъкъэр референт центр» федеральнэ Іуэхущ Іапі эм и унафэщІу игъэуващ. А кьулыкъуэр Сэхъурокъуэ Хьэутий 2011 гъэм мэкъуаугъэм и 1-м щегъэжьауэ шыщхьэІум и 1-м нэсыу пІалъэкІэ ирихьэкІынущ, УФ-м и Президентым и полномочиехэ лЫкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэр абы арэзы техьуэху.



тист, дуней псом щыцІэрыІуэ пианист Петров Николай сымаджэ хъІэлъ.

Концертым хэтыну Минск кІуэуэ ар кьызэІукІыжащ. Дохутырхэм жаІэ абы и узынщагъэр зэтеувэжыну ущыгугъ хъуну.



Іугъуэмрэ гъуэзымрэ

Якутск кьалэм щыпсэу хэр Іугъуэмрэ гъуэзымрэ гугъу ирагъэхь.

ЩІынальэм и гъунэгъу мэзыр мафІэм ес. Ахэр гъэункІыфІыным кьаруушхуэ ирахьэлІэ.

Сэлам ярехьыж

Миронов Сергей Федерацэмкі Советым хэтхэм сэлам ярихьажащ. Санкт-Петербург и кьалэ Думэм сенаторыгъэр абы щхьэщыхьа и ужькІэ, Мироновым фІэкІуэдащ ЫыгъэкІуэльэкъуэ.

АрщхьэкІэ Федерацэмкі Советым и унафэщІу щытар политикэм хэкІыпкъым. ДяпэкІэ ар Къэрал Думэм и депутату щытынущ. Иджыри къэс депутату щыта Старыгин Евгений Федерацэ Зэхуэсым и нэхъыбэрэ палатэм хэкІащ а ІэнатІэр Миронов Сергей хуит хуищІын мурадкІэ.

Зыкъыщ Іэжьамы...

СССР-м и щыхуб ар-

♦ **Куржым и лъэпкъ гуфІэгъэзыІ** - къэралыгъэр щыІэзэфІагъэувэжьа махуэщ (1991).

♦ И Ильэс 45-рэ и пэкІэ (1966) Индиэлыным ІэщІэтІа Гвианэр хамэ знаф щІэмыт Гайанэ къэрал хъуащ. 1970 гъэм мазаем и 22-м къыщыщІэдзауэ Гайанэ Корпоративнэ Республикэщ.

♦ И Ильэс 85-рэ и пэкІэ (1926) Наро-Фоминск жылагъуэ щыкІуэр кьалэ хъуащ. Ар мы зэманым Москва областым и нэхъ зызыужьа щыІэныгъэм ящыщ.

♦ Накьыгъэм и 20 - 27-хэм Екатеринбург щекІуэкІынущ Урысеим и щІыналъэ 70-мэ ЕврАзЭС-м и къэралхэрэр я ЮрэтІ зэгухьэныгъэхэм я лЫкІуэхэр зыхэтыну Европэ-Азие конгрессым Ь 5-нэ сессиер.

♦ Накьыгъэм и 26 - 27-хэм Киев (Украинэ) щекІуэкІынущ IV Дунейпсо гъаІэ зэ конференцыр.

♦ И Ильэс 60 и пэкІэ (1951) кьалъхуащ Сирием и япэ кьоснІиат, Совет Союзым и ЛЫхъужь (1987) Фарис Мухьэмэд.

Зыкъыщ Іэжьамы...

ПІалэнэр лъхьэгъэлъэр ПІАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ХамэІэр Іэгъэзагъэ щхьэкІэ, гугъэзагъэкъым.

● Депутатым и псалъэ

ЦІыхубэм я сэбэп зыхэлъхэрщ нэхъапэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ-политикэ щытыкІэр егъэфІэкІуэным теуХуауэ зэфІэгъэкІыпхьэхэм топсэлыхь КъБР-м и Парламентым Законодательствэмрэ къэрал зэхуэмдІэ и комитетым и унафэщІ Іэпщэ Заур.

Іэпщэ Заур

ДИ ЖАГЪУЭ зэрыхьущи, иужь зэманым ди республикэм къыщІохьу цІыхуэр хуабжьу зыгъэпсэфІтей Іуэхуэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым лІэщІыгъуэ куэд зи ныбжь хабзэхэр къыщекІуэкІ щІынальэ дахэ дыдэщ. Нэхъапэм мыбы щІыкІыным щхьэ, ди Іуэхуэхэм ехьэлІа гугъуехь гуэрри. Илжьы зехьэрыгъуэ хэм я щхьэхэр ди щІынальэм къыщаІэтащ.

Терроризмым къызэрыпсыхь псори - абы епха гуауэр зыльІэсахэри зыльІэмыІэсахэри. Дэтхэнэми кьыгуроІуэ: терроризмым и Іуэхьыр нэпсщ. АтІэ ар щхьэ кьыхьыхьа зэкъуэщ зэныбжьэгъуфІэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ щытепщэу иджыри кьэс кьэгъуэгурыкІуа ди республикэм и гъащІэм?

Сэ кьызолъытэ ар гъэкІуэлъныгъэ щалэгъуалэм хальхьэ гъэсэныгъэр зыхуэдэм и деж кьыщыщІадзэн хуейуэ. НыбжьыщІэхэращ экстремист унафэщІхэм я пльапІэхэри, кьытщІэхьуэ щІэблэр абыхэм я жьыМ щІмэ зэныкъуэкІ псом япэу ди кьарур зэтхьэлІэн хуейр.

НыбжьыщІэхэр мыхьумыщІагъэхэм хашэф я зэхэщІыкІыр тэмэму зэрызэфІэмыувам, псэуныгъэкІэ зэрыхуэмыщІам кьыхэжьІу.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, щІыхуэхэр гугъехь куэдым пэщІэтщ, унафэщІхэм псэукІэм ехьэлІа Іуэхуэхэм щыщ зэфІамыхьыфу кьызэрыпсыхьхэкІыжьу. Абы кьыдэкІуэу властым и напэр тезых кьуІдыкъуэхэри щыІэщ. Щыхьбэр гульитэ нэхъыбэ, захуагъэ хуэныкьуэщ. Властыр щІыхуэхэм сыт и лЪэныкъуэкІи япэгъунэгъун хуейщ. Ар апхуэдэу зэрыщыкІыгъщ щІэлъэхэмрэ хъыщІэзбэхэмрэ зыхъэщІыз экстремист гупхэм кьаГъэсэбэпщ.

Псом хуэмыдэу дегъэпІейтей иджырей щІалэгъуалэ политикэм хэль щыщІэныгъэхэм. НыбжьыщІэхэм зэІущІэ,



Ардзинбэ Владислав ягу кьагъэкІыж

АБХЪАЗ. ***Абхъазыу я япэ президент Ардзинбэ Владислав теухуа зэІущІэ Дыпкьхьэм я ужу Мэкъу дэтым щекІуэкІащ. «Стол хъурейр» кьызэригъэпэщащ Москва щыпсэу абхъазхэм я советым.***

ЗЭІУЩІЭМ хэтахэр блэкІа лІэщІыгъуэм и 90 гъэхэм - абхъаз къэралыгъуэр щІызэфІэува лЪэхъэнэм - теуХуа я гукъэкІыжьхэмкІэ зэдэгущІащ. Тхыдэм кьыхэна, нэхъапэм утыку псалъэ зищІу щымыта гъэщІэгъуэн куэд жаІащ. Абы щагъэльэгъащ тхакІуэ Минчонок Дмитрийрэ Дубинская Ольгэрэ яГъэхъэзырауэ Ардзинбэ теуХуа «Страсти по Владиславу» документальнэ фильмыр.

ЗэІущІэм кьрихьэлІащ Ардзинбэ и щхьэгъуэ Джергение Светланэ нкІи ар кьыззэІущІэм щІэгъэзащІэ, кьекІуэлІахэм, фильмыр зи ІэдакъэщІэкІэм фІыщІэ яхунащІ.

Аргуэру псышхуэ

АДЫГЕЙ. ***Накьыгъэм и 24-м и жьщыр Бурмэшэ, Шъхьэгъащэ, Лабэ, Пшэхъ, Фарс псыхэр къызэрнуам къыхэкІыу, Менкъуапэ, Кэушхьэбэ, Джаджэ куейкэм я жылагьуэхэм, Менкъуапэ къаІэм щыщ унэ 570-м щІигъум псы яшІэуащ. Кэушхьэбэ, Джаджэ куейкэм щыпсэу абыхэм я ныбжьыщІэхэм я гъэзэжьыным щІыпІэхэм ягъэІапхъэхэм ягъэІапхъэхэм хуей хъуащ.***

РЕСПУБЛИКЭМ и президент Къэрэшай Арсен Іэсльэн дежэрий псы зыщІэуа къуажэхэм щыІащ нкІи ящІыныкъэ муниципалитетхэм и щыщІэныгъэхэм гу лъаригъэтащ. Я псэупІэр кьагъанэу пІалъэкІэ Іэпхъуэн зымыдахэр абы и унафэкІэ кьызэрагъэпэщащ палатакъэмрэ ныбжьыщІэхэм гу лъаригъэтащ. Я псэупІэр кьагъанэу пІалъэкІэ Іэпхъуэн зымыдахэр абы и унафэкІэ кьызэрагъэпэщащ палатакъэмрэ ныбжьыщІэхэм гу лъаригъэтащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Накьыгъэм и 26-р Урысей Хьэрычэтыщ Іэм и махуэщ

Си фІэщ мэхъу

ПщІэ зыхуэтщІ республикэм и хьэрычэтыщ Іэхэ! Урысей Хьэрычэтыщ Іэм и махуэмкІэ сыныбохьуэхьу.

НОБЭ хьэрычэтыщ Іэхэм республикэм и гъащІэм щагъэзащІэ кьалэным хэхьуэ зэпытщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм зегъэужьным, продукцІэу кьалэжьымрэ я фІагъымрэ хэгъэхьуэным ар сэбэпышхуэ хуохьу. Социальнэ, егъэджэныгъэ, щІэныгъэ программэхэм, иджырей хабзэхэр къэгъэщІэрэщІэжьным фІыгъэрыхэтым мыхьэнэшхуэ иІэщ. Нобэрей хьэрычэтыщІэ Іуэхуэр жэуаплныгъэр, хуитныныгъэр, инноваци эмрэ зэпІэзэрытыныгъэмрэ щыпхъэхуэна къэхъукъащІэ тельыдэжщ.

Псоми ди кьалэн нэхъыщхьэр уней бизнесым зэпІэзэрыту зиужьыныр, хабзэкІэ иІэ хуитныныгъэхэр сыт и лЪэныкъуэкІи хьумэныр зэгъэсу кьызэгъэпэщыныр.

Республикэм кьыщагъэсэбэп хьэрычэтыщІэ Іэнаті эм щыІэ курытымрэ кьэралыр хьарзынэу зэрадэІэпыкъу Іэмал гъэунэхуэхэр. Бизнесыр зэтеувэу зиужьыхьункІэ - льготэкІэ кредит кьыщрАІыхьи, щылэжьэну щІыпІэр бэджэнду кьыщащтэкІи, заем 38,25-рэ и уасэ сату дащІащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ хуэди 5,5-кІэ нэхъыбэщ. Къэрал щІыб сату Іуэхуэхэм нэхъ жыджэру кьадыхэтахэм ящыщщ Италиер, Германиер, Хьэрыпэ Эмират. Зэгуэтхэр, Тыркур, Азербайджаныр Украинэмрэ.

Республикэм ищхэм я процент 43,38-р химие промышленностым кьыщІихьІхэм хуоха. Мы гъэм и япэ мазищым нэгъуэщІ кьэралхэм кьыщищэхуам и процент 81,3-р машинэхуэм Іэнатіэм кьыщагъэсэбэп продукцІэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьэрал щІыб экономикэ лэжьыгъэм хэтхэм сату Іуэху и лъэныкъуэкІэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм щахуэзфІэхьІым, нэгъабэ и япэ мазищым яІа процентым 3-м елъытауэ, процентыр 8,2-м нэскІэ хэхъуащ.

КЪЭРЭШЕЙ Элеонорэ, *КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатымкІэ и министрствэм кьэрал щІыб зэныщІэныгъэхэмрэ щІыхьэгъэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм яоналъэжьныкІэ и кьуамэм и Іэщ Іагъэлі.*

● Экономикэ

Къэрал щІыб сатум зеужь

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэрал щІыб экономикэ лажьыгъэхэмкІэ жыджэрщ. Мы гъэм и япэ мазищым абы хэтахэм США-м и доллар мелуан 41,08-м изблагъэ и уасэ сату ящІащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм яхуэзфэкІам нахьра хуэди 4,1-кІэ нэхъыбэщ.

ЗИ ГУГЪУ тщІы зэманым экспорт-импорт Іуэхуэгъуэхэр езыгъэкІуэкІа 66-м ящыщу 45-р къэрал Іэнатіэщ. Къэрал щІыб экономикэ лэжьыгъэм хэта дэтхэн зэ зыми къэрал щІыб сатум щызэрагъэкІуэкІам тещІыхьауэ США-м и доллар мелуан 0,62-рэ е 2010 гъэм и япэ мазищым зэрыхъуам зы мащІэкІэ нэхъыбэ хуоэ (США-м и доллар мелуан 0,61-рэ).

Къэрал щІыб сатум кьыщагъэсэбэпам и процент 93,08-р тпэІэщІэ къэралхэм я мыхъущ. Абыхэм США-м и доллар мелуан мыин кьыщраткІи, щІалэгъуалэм я хьэрычэт Іуэхуэр зэфІэувэхункІи, щрагъащэжкІи Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІхэм абыхэм хэщІыкІыпу зыщІагъакъуэ.

Республикэм бизнес-инкубатору 4 щолажьэ, ШэсыпІэ фонд кьызэрагъэпэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым хьэрычэтыщІэ ІэнатІэ щІыкІумрэ курытымрэ зэрызащІыжьынур, ахэм зэрызащІагъэкъуэнур» республикэ программэ хэхар ехьэлІэныгъэкІэ яГъэзащІэ, КъБР-м и Президентым и программэм тету, ди экономикэм папщІэ ІэщІагъэлІхэр яГъэхьэзыр. Ди щІыналъэм бизнесым псынщІэу зэрызащІужьыр фІэщхьэныгъэ хэлъу къэбгъэлъагъуэ хьунущ.

ЗдэгъэхьуэлІахэм дыкьыщІмыувыІэу, хьэрычэтыщІэ Іэнатіэм и щІыкІуэм дяпэкІи эрызедгъэуэжыну щІыкІэр доубыхьу.

Урысей Хьэрычэтыщ Іэм и махуэмкІэ си гум кьыбгъэдэкІыу сынывохьуэхьу. Узынщагъэ бдыдэ, дэрэжгъуэ, зэІуэзэпщынытэ фиІэну, бизнес Іуэхуэм екъуІэныгъэ кьыщифхьыну си гуапэщ.

МУСУКОВ Алий,
КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатымкІэ и министр.

● Гу зылъытапхъэ

Хэкіыпіэхэр къалъыхъуэ

«КъБР-м пхъэщхьэмыщІхьэмрэ хадзэкІкІэмрэ зэрыщагъэхьэзыр, зэрыщІэлэжь щІыкІэмрэ я Іуэхум зегъэужьным щІыкІэ хэкІыпІэхэмрэ». Аращ зытеуХуауэ щытынур Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и УнафэщІым деж щыІэ Жьылагъуэ советым 2011 гъэм мэкъуаугъэум и 8-м иригъэкІуэкІыну зэІущІэр.

Зэхьихьэм щытепсэлъыхьынущ республикэм пхъэщхьэмыщІхьэмрэ хадзэкІкІэмрэ я къызэрыщагъэкІым, зэрыщагъэхьэзырым, зэрыщелэжьым, зэрыщахьумэм, зэрыщащэм ехьэлІауэ мыхьэнэ хэха зиІэ Іуэхугъэхэм.

ЗэІущІэр зыгъэхьэзыр гупыр кьыводлъэІу нэхъ фызыгъэпІейтейхэм теуХуа фи упщІэхэр, Іуэху епІлъыкІэхэр, лэжьыпхъэу кьэфІлъытэхэр, кьыхэпльэну фызыхуейхэр 40-48-63, 40-42-48 телефонхэмкІэ мэкъуаугъэум и 5 пщІондэ КъБР-м и Парламентым щевгъэтэкыну, апхуэдэу parlam kbr@ mail.ru электрон пощтымкІэ евгъэхьыну.

Къызэрэзэпщакіуэ комитет.

Псапащ Іэ Іуэхум фыхэтыну фыкъыдогъэблагъэ

Ди сабийхэм я щхьэкІуэнум тегузэвыхь псори кьыдогъэблагъэ Урысей сабий фондым и ЩІыналъэ зыкъудамэу КъБР-м щыІэм мэкъуаугъэум и 1-м сыхьэт 15-м Театр Щхьэунтіэм щрагъэкІыжынущ «Псалъэ влэжь» телемарафоным хэтыну. Ар теуХуащ Сабийхэр хьумэным и дунейпсо махуэм.

Телемарафоным хиубыдэу концертышхуэ яГъэлъэгъэнущ.

Ди рекІвизитхэр: р/с 40703810100030000100 Кор.счетыр 30101810100000752

«Еврокоммерц» банк ОАО-м и къудамэу КъБР-м щыІэ

БИК 048327752

* * *

КъБР-м и Парламентым и деж щыІэ Щалэгъуалэ палатэр и дэІэпыкъуэгъуу, КъБР-м и ЛЪэпкъ музеим накьыгъэм и 26-м сыхьэт 15-м иregъэкІуэкІ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министрствэм и «Нэмыс» социально-реабилитацэ центрым и гъэсэнхэм я творческэ Іэдакъэщ Іэкіхэр гъэлъэгъуэныгъэ щэнымрэ.

Мы псапащІэ Іуэхум хэтыну псори кьыдогъэблагъэ.

КъБР-м и Парламентым и деж щыІэ Щалэгъуалэ палатэ.

ФІыкІэ, си еджапІэ!

● Иужьрей уэздженэ

Къэралым и курыт школ псоми дыгъуасэ иужьрей уэздженэр къыщеуащ. Махуэшхуэм епха гуфІэгъуэ зэІущІэхэр екІуу, дахэу щекІуэкІащ ди республикэм и еджапІэхэмэ. Ныбжьыщ Іэхэр илъэс 11-кІэ зыщІэса еджапІэм щыхуагъэхьлъапІэ махуэм абыхэм кьахуеблэгъат республикэ унафэщІхэр, я адъ-анэхэр, я Іыхьлыхэр.

УДЗ гъэгъа дахэхэмрэ щагъэпщащ зэмыфэгъуэхэмрэ зыІыгъ ныбжьыщІэхэм я нэгум гуфІэгъуэ кьрихьу, дзрэжэгъуэрэ гукъыдэжрэ яІэу утыкум итащ. ГуГъапІэ дахэхэр яІэу я пщэдей хуэпльэ ныбжьыщІэхэм я гъащІэр насыпрэ ехьулІэныгъэкІэ гъэнщІауэ щытыну дохьуэху!

ГЪУКІАКЪУЭ Идар.



Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ПщІэ щІамыту стадионым ирагъэхьэнущ

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкІэ и премьер-лигэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ, накьыгъэм и 27-м сыхьэт 17-м «Спартак-Налщыкым» ди республикэм и къалащхьэм къыщригъэблагъэнущ Гроэзным и «Тэрчыр». Абы пщІэ щІамыту ирагъэлъэныну топджэгум дихьэхэр.

ПРЕМЬЕР-ЛИГЭМ щекІуэкІ мыгъэрей зэхьэзэхуэр ди футболистхэм щагъуэу къайхъулІэркъым икІи джэгуГуипщІым очкоуэ 8 фІэкІа къахуэмыхьауэ кІэух увыпІэхэм ящыщ зым щытщ. Я Іуэхуэр щынэхъ Іеяр 2009 гъэрщ - мыпхуэдэ лъэхэнэм очкоибл яІэу арат.

ЩытыкІэ гугъум къикІын папщІэ Ещтрэч Владимир къызэригъэпэщ команд зэщІэр щІэгъэкъуэн хуейщ. Псом хуэмыдэу ар хуэныкьуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым топджэгум щыдихьэхэр «Спартак» стадионым изу къекІуэлІэу гурэ псэкІэ къыдэщІыну. Абы дыкъыхуреджэ ди командэм и капитан Джудович Миодраги. «Дэ дыщІэджэгурэ гугъу зэщІедгъэхьри фэращ, Къэбэрдей-Балъкъэрым топджэгум щыдихьэхэхэр, - жеІэ илъэс зыбжанэ хъуауэ ди республикэм и щІыхьэр ящІапсо утыкум щызыхьумэ щІалэм. - Иджыпсту ди Іуэхуэхэр хьэлъэщ, кьыкІэрыкъу командэхэм дакъыхэхутащ. Абы и щхьэусыгъэущ мыгъэрей зэхьэзэхуэм щІидзэн и пэкІэ тренер гупэ зэрахьуэжамрэ футболистыфІ зыбжанэ зэрытхэкІыжамрэ. «Спартак-Налщыкыр» щІэрыщІэу къызэдгъэпэщыжу аращ икІи ди Іуэхуэхэр ефІэкІуэжьын папщІэ дэ ерыщу зыдоГъасэ, зэІущІэхэми дыкъыщикІуэтырыкъым. Дэ иджыпсту, сыт щыгъуэми хуэдэу, къыдэщІхэм я макъ лъэщхэм дыхуэныкьуэщ, дытегушхуауэ утыку дитын, текІуэныгъэфІэхэр зыІэрыдгъэхьэн папщІэ. Дыззэкъуэтмэ, дызыдэІэпыкъужмэ, ди Іуэхуэхэр ефІэкІуэжьыщІ, сызикапитан командэм и цІэкІэ стадионым фыкъызогъэблагъэ».

Дыщогугъ мы къыхуеджэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым топджэгум щыдихьэхэр хуэфащэу кьыпэджэжьну. Ди щІыхуэр стадионым изу къеІуалІэмэ, текІуэныгъэм нэхъ зыІэрыгъэхьэгъуафІэ хъунущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Мыхьэнэ ин зиІэ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ 2011 гъэм егъэджакІуэ нэхъыфІхэр ахъшэкІэ гъэпсэжным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм мэлыжьыхьым и 19-м *№109-ІІІ*

«Егъэджакіуэ нэхъыфІхэр ахъшэкІэ гъэпсэжным и Іуэхукіэ» Урысей Федерацым и Президентым ищІыщІэм и 28-м къыдигъэкІа Указ №117-м, «Зэрагъэпажэ ахъшэр егъэджакІуэ нэхъыфІхэм етыным и Іуэхукі» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2010 гъэм мазаем и 9-м къыдигъэкІа Унафэ №64-м (адэжІэ къыдэкІыкІуэнур - унафэщІ, Урысей Федерацэм и Правительствэм 2010 гъэм дзэгъэгъэзэм и 31-м къыдигъэкІа Унафэ №2493-м ящкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. 2011 гъэм къэрал мылькукІэ ядэІэпыкъун:

федеральнэ бюджетым щыщу дэтхэнэми хуэзэу сом мин 200 етын Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и егъэджакІуэ нэхъыфІу 8-м - зэпеуэжІэ къыхахахэм;

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикІэ бюджетым къыхэкІыу, рейтингым щаІыгъ ушыпІэм тещІыхьазэу, егъэджакІуэ нэхъыфІ 15-м. Абыхэм ящыщу егъэджакІуэ нэхъыфІу 5-м дэтхэнэми хуэзэу сом мини 100-кІэ, егъэджакІуэ нэхъыфІу 10-м дэтхэнэми хуэзэу сом мини 50-кІэ.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджныгъэмрэ щІыныгъэмкІэ и министерствэр гъэувын:

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и егъэджакІуэ нэхъыфІхэр зэрагъэпэжну ахъшэр федеральнэ бюджетым къыхэкІыу зыгъэпсыхьэ Іуэхущапі Іуэу;

мы Унафэр гъэзэщІэн и Іэныкьуэкіэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и Іэзэщіакіуэ органу Урысей Федерацэм Егъэджныгъэмрэ щІыныгъэмкІэ и министерствэм дэлажьэ къулыкъущІапІэу.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэм (Бышэн А. А.) сом мелуан хухихын хуейщ 2011 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикІэ бюджетым «Егъэджэныгъэ» Іыхьэмкіэ, апхуэдэу «Псоми я зэхуэдэ егъэджэныгъэ» Іыхьэ ныкъуэмкІэ мы мурадхэм хухаха ахъшэхэм я мардэм фІэмыкІыу.

4. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджныгъэмрэ щІыныгъэмкІэ и министерствэм (ЩІхьэгъэмсо С. Хь.):

Урысей Федерацэм егъэджныгъэмрэ щІыныгъэмкІэ и министерствэм игъэува хабзэхэм тету егъэджакІуэ нэхъыфІхэр кьызэрыхах зэпеуэ Іуэхуэхэр кьыхэзыгъэпэщыфІ икІи иригъэкІыфІ 5-м дэтхэнэми хуэзэу сом мини 100-кІэ, егъэджакІуэ нэхъыфІу 10-м дэтхэнэми хуэзэу сом мини 50-кІэ.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Егъэджныгъэмрэ щІыныгъэмкІэ и министерствэр гъэувын:

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и егъэджакІуэ нэхъыфІхэр зэрагъэпэжну ахъшэр федеральнэ бюджетым къыхэкІыу зыгъэпсыхьэ Іуэхущапі Іуэу;

мы Унафэр гъэзэщІэн и Іэныкьуэкіэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и Іэзэщіакіуэ органу Урысей Федерацэм Егъэджныгъэмрэ щІыныгъэмкІэ и министерствэм дэлажьэ къулыкъущІапІэу.

5. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэм (Бышэн А. А.) сом мелуан хухихын хуейщ 2011 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикІэ бюджетым «Егъэджэныгъэ» Іыхьэмкіэ, апхуэдэу «Псоми я зэхуэдэ егъэджэныгъэ» Іыхьэ ныкъуэмкІэ мы мурадхэм хухаха ахъшэхэм я мардэм фІэмыкІыу.

6. Мы Унафэр зэрагъэзэщІэм кІэлъыплъыну кьаІэн щыщІым Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщіым и кьуэдзэм и кьаІэнхэр зыгъэзащІэ Гертер І. К.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщіым и кьаІэнхэр зыгъэзащІэ АБРЭДЖ Іэдиб.

Мы тхыгъэр теухуау УФ-м и щІэныгъэлІ, ІэщагъэлІ ныбжьыщІэхэм я советым и унафэщІым и кьуэдзэ, абы и республикэ кьудамэм и нэхъыжь, химие щІэныгъэхэм я доктор Хьэшыр Светланэ КьБКъУ-м и щІэныгъэ-егъэджэныгъэ центрым хэту кьызэІуихэ «Голиком», «Полиглим» ІуэхущапІэ щыкІуэхэм.

● ЩІэныгъэ

ІэнатІэ пэрыт

ЗИ ГУГЪУ тщІы предприятэхэр «ЩІэныгъэ-техникэ лъабжьэ зиІэ Іуэхущапі Іэ щыкІуэхэм зезыгъэужь фонд» федеральнэ программэ эхэлъ ипкъ иткІэ кьызэІуахаш. Ар хуэзэнэІащ рынокым щзэпІэщызиІэ продукцэхэр гъэхьэзырыным тещІыхьа щІэныгъэ ныбжьыщІэхэм я ныбжьыкІэ, ижькІэ аХэр производствэм хэпщэным.

- КъэрыгъэтыщІэ Іэнатіэ щыкІуэхэм защІэгъэкъуэжьныжьмкІэ щыІэ фондым кьызэрыгъэпщащ зэпеуэм дыхьхьэрыщІэхэр тхьылъ ящІыжьогъэжьмкІэ, адэкІэ кьыщІэдгъэкьыну ди мурадхэр кьапщытэ.

«Поликом» Іуэхущапі Іэм нанокомпозитхэр кьызэрыкъыщыкІ концентратхэр щагъэхьэзыр. Апхуэдэ полимер нанокомпозитхэр техникэм и унэтІыныгъэ псоми, машинэхуэхэр зэту, кьыщагъэсэбэп. А полимерхэр температурэ зэхэумыдэхэм зІэпІотыф иКІи быдэщ.

«Полиглим» предприятэм псыр сэрагъэхьабзэ сорбентхэр кьыщыщІагъэкІ. А продукцэхэмэ щІэупщІэшхуэ яІэш, псыр дапхуэдизу фІеймиягъэ-кьэбэхэр, хамэ кьэрэлхэм щащІхэм нохьэжьохуэ иКІи уасэкІэ нэхъ пудщ.

Полимерхэр дыкьэзыхьуреихь дунейм щыкІуэщІ. Абыхэм езыр-езыру кьэхъуакэуи (природнэу) ІэрыщІу яГъэхьэзырыуи (синтетикиу) дрохьэлІэ. Псальэм папщІэ, природнэ полимерыр тхьылымІмкІэ кьыхэхащІыкІ пхъэр.

Светланэ зэрыжиІэмкІэ, природнэ полимерхэр псоми кьэдгъэсэбэпу щытмэ, ахэр псынщІэ дыдэу духынущ.

ІэрыщІу зэгъэхьэзыра полимерхэм я щытыкІэм арэзы дыкьыщыкІыным. Аращи, дэ езыр-езыру полимерыр нэхъ быдэ, екІу, гъэщІэгъуэнхэр зэхьідолхьэ, - жеІэ абы. - КьищынэмыщІауэ, дгъэхьэзырхэм дызыхуэят хуабагъ, щыІагъэр яІыгъыфу кьыщыдогъэкІ.

Нобэ «Поликом», «Полиглим» Іуэхущапі Іэм зэщІыгъуу щылажьэрэ щыхуэн 10 кьудейщ, ауэ, КьБКъУ -м егъэщІыла щІэныгъэ-егъэджэныгъэ центрым щыкІуэ Іэнатіэ-Іэщи, псоми зэуІуу Іэнатіэм и Іуэху зэІумыбзэкъэ ягъэкІуаГъэ, зэрырагъэфІыгъэнуэ хущІокъу.

- Щытыкіэ хэха зиІэ полимерхэм кьэралыр хуэныкьуэ мэхъыри, зэпеуэ кьыхэзрегъэпэщ. Абы и жэуапу ар зыхуей продукцэм хуэдэ ди лабораторэм кьызэрыщыщІдгъэпыкІыфынрэ, кьэкІэ кьыщІэдгъэкьыну ди мурадхэр кьапщытэ.

«Поликом» Іуэхущапі Іэм нанокомпозитхэр кьызэрыкъыщыкІ концентратхэр щагъэхьэзыр. Апхуэдэ полимер нанокомпозитхэр техникэм и унэтІыныгъэ псоми, машинэхуэхэр зэту, кьыщагъэсэбэп. А полимерхэр температурэ зэхэумыдэхэм зІэпІотыф иКІи быдэщ.

«Полиглим» предприятэм псыр сэрагъэхьабзэ сорбентхэр кьыщыщІагъэкІ. А продукцэхэмэ щІэупщІэшхуэ яІэш, псыр дапхуэдизу фІеймиягъэкьэбэхэр, хамэ кьэрэлхэм щащІхэм нохьэжьохуэ иКІи уасэкІэ нэхъ пудщ.

Полимерхэр дыкьэзыхьуреихь дунейм щыкІуэщІ. Абыхэм езыр-езыру кьэхъуакэуи (природнэу) ІэрыщІу яГъэхьэзырыуи (синтетикиу) дрохьэлІэ. Псальэм папщІэ, природнэ полимерыр тхьылымІмкІэ кьыхэхащІыкІ пхъэр.

Светланэ зэрыжиІэмкІэ, природнэ полимерхэр псоми кьэдгъэсэбэпу щытмэ, ахэр псынщІэ дыдэу духынущ.

ІэрыщІу зэгъэхьэзыра полимерхэм я щытыкІэм арэзы дыкьыщыкІыным. Аращи, дэ езыр-езыру полимерхэм хэхьэ быдэ, екІу, гъэщІэгъуэнхэр зэхьідолхьэ, - жеІэ абы. - КьищынэмыщІауэ, дгъэхьэзырхэм дызыхуэят хуабагъ, щыІагъэр яІыгъыфу кьыщыдогъэкІ.

Нобэ «Поликом», «Полиглим» Іуэхущапі Іэм зэщІыгъуу щылажьэрэ щыхуэн 10 кьудейщ, ауэ, КьБКъУ -м егъэщІыла щІэныгъэ-егъэджэныгъэ центрым щыкІуэ Іэнатіэ-Іэщи, псоми зэуІуу Іэнатіэм и Іуэху зэІумыбзэкъэ ягъэкІуаГъэ, зэрырагъэфІыгъэнуэ хущІокъу.

- Щытыкіэ хэха зиІэ полимерхэм кьэралыр хуэныкьуэ мэхъыри, зэпеуэ кьыхэзрегъэпэщ. Абы и жэуапу ар зыхуей продукцэм хуэдэ ди лабораторэм кьызэрыщыщІдгъэпыкІыфынрэ, кьэкІэ кьыщІэдгъэкьыну ди мурадхэр кьапщытэ.

Полимерхэр дыкьэзыхьуреихь дунейм щыкІуэщІ. Абыхэм езыр-езыру кьэхъуакэуи (природнэу) ІэрыщІу яГъэхьэзырыуи (синтетикиу) дрохьэлІэ. Псальэм папщІэ, природнэ полимерыр тхьылымІмкІэ кьыхэхащІыкІ пхъэр.

Светланэ зэрыжиІэмкІэ, природнэ полимерхэр псоми кьэдгъэсэбэпу щытмэ, ахэр псынщІэ дыдэу духынущ.

- Кьэрэлхэм зэрыгъэхьэзыр Іуэхущапі Іэм субсидиехэр зэрыщІэхьаныж мыхэр щыгъуазэщ.

- «Кавказкабель» заводымрэ дэ Іуэхущапі Іэ щыкІуэхэм зэщІыгъуу технологие лъагэ зиІэ продукцэхэр кьэдгъупсысу, кьыщІэдгъэкІын мурад диІэу, ди тхьылъ хэр егъэз ящІри, а программэм дыкьэзыгъэкІ, - жеІэ Светланэ. - Иджыпсту заводым щыІагъуэ а продукцэр кьыщІэгъэкІынымэ долэжь. 2012 гъэм ди япэ инновацІэ продукцэр дунейм кьытекьэнуц.

КьыхэзгъэщІпхъэщ Хьэшыр зи унафэщІ Іуэхущапі Іэм ди республикэм и мызакъ уэу, Урысейм щекІуэкІ зэпеуэ зэкІмыз-мыТэу пашэ зэрыщІхьэр иКІи щытхъу, фІыщІэ тхьылхэрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ кьызэрыхуэгъэфэщар, илъэсым и Іуэхущапі Іэ нэхьыфІ цІэр кьызэрыфІащар.

Полимерхэрэ композитхэмрэ щелэжь щІэныгъэ-егъэджэныгъэ центрым гъэщІегъуэн иКІи проект щхьэпэ куэд щагъэзащІэ. Абы и унафэщІщ УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щыкІуэ зиІэ, химие щІэныгъэхэм я доктор, профессор Мыкіэтлей Абдулыкь. Абы щІалэгъуалэр щІэныгъэм хешэ, дрегъэхьэх, я проектхэр яГъэхьэзыру пхагъэкІыныжьмкІэ Іэпыкьу эгъу яуэкъу, лэжьэн щхьэкІэ Іэмал псори кьаХуэзгъегъэпэщ. Ди щІэныгъэлІхэр хамэ кьэралхэм мыкІуэу Хэкум кьинэжьын щхьэкІэ, профессорым куэд зэфІегъэкІ. Университетым и студентхэмрэ аспирантхэмри абы хуабжьу хуэзэрэзыщ иКІи фІыщІэшхуэ яхуэщ.

Предприятэмрэ щылажьэ, химие факультетым и ещанэ курсым щеджэ Абаза Оксанэ кьызэрыщІкІамкІэ, щІэныгъэм япэ лъэбакъуэ зэхэсыгъэчар, абы дегъэзыжьэхэр я ягъэджакІуэ Хьэшыр Светланэщ.

- Ди егъэджакІуэм сыт щыгъуи кьыщежеІэ пасэу щІэныгъэм ухьхьэу щытмэ, екьулІэныгъэшхуэхэр зэрызыІэрыбгъэхьэфынур, зэпеуэхэм зэратпэр, сагъэгъэхэр кьызэрыщыщІыжьыгъэхьынур, - жеІэ Оксанэ. - Сызэреджэм иКІи сызэрылажьэм хуэдэурэ зэ диплом лэжьыгъэм и ужь сихьауэ сотГх. Светланэ дытригъэгушхуащІ, ти кьарум кьихьым соплІэжь.

Химие технологиемрэ биотехнологиемкІэ кьудамэм и апэ курсым щІэсхэру Джэду Ахмэд арэ Тимуев Шамилри я егъэджакІуэм и Іуэхущапі Іэм ещанэ курсым щІэсхэм щадолажьэ.

- Иджыпсту ПА-6 поліамидым долэжьмэри, ар зэрызэгъэпэлъхьэ щыкІэр тфІэгъэщІэгъуэнщ. ДызэрыщыгъуаэщІи, полимер нанокомпозитхэр машинэхуэхэу Іуэхущапі Іэм куэду кьыщыдгъэсэбэп, щІэупщІэшхуэ яІэщ, - жеІэ щІалэхэм.

- Дэ апхуэдэ продукцэ Набышык кьыщыщІэ дгъэкІыну, хамэ кьэралхэм я сырьем и пІэкІэ дыдейэр кьэдгъэсэбэпыну ди мурадщ. Абы щыгъуэми апэр фІагькІэ хамэ щыпІэхэм щагъэхьэзырхэм кьакІэрыхуэныкьуэ, ауэ дыдейхэм я уасэр нэхъ мащІэнущ.

Хьэшыр Светланэ лэжьыгъэм кьыпплимкІу эт, зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ, сыт щыгъуи щІэ гуэрхэр кьэхутэным дихьэх цІыхуэщ. Абы и щхьэгъуэсэ Асихэр ЖНС-м и полномочие зиІэ щІалэ щІэупщІэхьамахуэ дэкІуэу щыта Хьэшыр Чылар и щІэблэм щыщщ. Кьыхэзгъэщпхъэщ, зэщхьэгъуэсэхэр зэгурыІуэрэ-зэдэІуэжьку, я дзыхь зрагъэзэу, сыт щыгъуи зэдэпэпыкІыу, зэщхьтыкІэ дахэ яку дэлъу зэпэзгъэпсэхэр. Абыхэм я кьуэ Азэмэт мы гъэм, школыр кьеух, апхуэ Ланэ ебгъуанэ классым щІэсщ. Светланэ ирогуфІэ иКІи ирогушхуэ и кьуэ Азэмэт и лъагъуэм ирикІуэну зэрим у радым.

Хьэшырэ я унагъуэ дахэм хуэдэхэрщ лъэпкъыр зыгъэпэлъэпкъыр, результатхэм и зыужьныныгъэм хэльхьэныгъэфІ хуэзыщІыр. Шэч кьытетхъэрыкъым апхуэдэхэр нэхьыбзэхуІэ ди кьэралри зэрагъэфІэжьгъэнымэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Тэрч куей

И зэфІэкІым хегъахъуэ

Тэрч районым щыІэ «Консервпром» заводым мыгъэрей лъэныгъэм егупсыу зыхуегъэхьэщІ. ИпхъэшлІ и пэкІэ кьыхэІуаха предприятэм гъэ къэс и зэфІэкІым хегъахъуэ, и Іэнатіэхэм зрегъэубгъу. Иджыпсту юрохым щелэжьыну пинэщІэ зэтраухуэ, ар щагъэкьабзэ «автоклав» жьыхуІэ Іэмэпсымэм хуэдэу аргуэру 6 ягъэуфэ.

Мы гъэм горохыр гектар 1100-м, помидорыр - 120-м, нашэр гектар 80-м щызэрахъэ. Заводым и унафэщІ Іуэху Вячеслав зэрыжиІамкІэ, къеХуІэжьыгъуэр къэсмэ, яІэм я лейуэ щІыхь 500-м нэблагъэ іэжьыгъэм хашэнщ. Нэгъабэ банкІ мелуан 18 ящІамэ, мы гъэм абы щІрагъэгъуныщ, зэгурыІуэныгъэ зыхуІэрэгъэнэ кьыщІэнущІэ хэмрэ сом мелуан 350-рэ и уасэ хурагъэшэнщ.

- Мэкъуэгуэгъуэм и пэхэм юро хыр банкІэм ильхьэн щІэздзэнущ. Жэщи-махуи гъэжьыгъэр зэпыдгъэнуакьым. Мэкъуэгуэгъуэ ныкъэм и кІэм нашэр, щыщхьэпэм помидорыр куэду кьыщІэрыхьэнущи, ахэр хэкІуэдыкІ щымыІэу и зэманым зыхуей хуэдгъэзэн щхьэкІэ, кьаруущуэ етхьэлІэн хуейщ. А Іуэхум щІыхь 800-м нэблагъэ іэжьыгъэуфэ, яжрІыщ абыхэм Васильев Сергей.

ДЖЫРАНДОКЪУЭ Маринэ.

Хьэпэ Хьэбил и щІэр Къэбэрдей-Балькъэрым и ученыгъэ Іэнатіэм и зэфІэувэкІам, и зыужьыкІам кьыгуэхьапІэ имыІэу епхащ. Зэман кІыкІэкІэ кьрихьэлІа лъэныкъуэкІэ зыужьуэм абы и пщІэм хегъахъуэ, и щІалэгъуэ дахэм хищащу щыта лъагъуэр егъэбгъуфІэ.

ХЬЩІ ГЪЭХЭМ Налшык псынщІэу зиужьу хуежьат, республикэм зи щымыІэ предприятэшхуэхэр кьыщІэзыІуахыр. Кьэлэдзкэр псэупІэкІэ кьызэгъэпэщыныр кьалэн нэхъ ин дыдэхэм ящыщу кьэуват. Ди уахуэкІуэхэм я илъэсхэм яхуэзфІэкІам уримыгушхуэжькІэ Іэмал иІэкъым. Кьапщтэмэ, 1966 - 1970 гъэхэм кьриубыдэу абыхэм псэупІэу ятат метр зэбгъуэнатІ 11 мелуаным ныблагъэ, цІыху мин 80 фэтэркІэ кьызэрагъэпэщат. Мис а Іуэхущхэм Хьэпэм и гущІэ хэлъэу хальщ.

НэгъуэщІ куэдзкъми зыгъэду, Хьэбил и сабиигъуэр Хэку зауэшхэмрэ абы и уэрэ лъэхэнэ зыхьэлэмрэ зиубгъу. И адэ Нэфыщхьэ Хьэрокъ областым хьыхьэ Александровскэ кьуэжьм деж 1942 гъэм щаукІащ, езыр илъэсым зэрыщІыгъуэм щыІэтэхьым абы щыгъуэ. И шынэхьыжьымрэ абыгъэ сабийуэ я анэм кьыхуэнащ.

- МащІэу сыкъэжэпхъэ нэужь, си нэгу щІэжІащ а лъэхэнэм цІыхухэм я фэм дэкІар, гурэ псэкІэ ягъэкІар. Ноби Іупщі дыдэу кьызэгубгъыщкь бзим зэтрикьута псэуупІэкъэ хьэрыщІэныным, кьэралыр ерыскьыкІэ кьызэгъэпэщыным етІысхэ ямыІэу телэжьахэр иКІи жьыми щІэми кьалытьэуэ кІа кьэралыр зэрыгъэхьэрэ згъэщІагъэу зэпытщ, - жеІэ Хьэпэм и сабиигъуэр хьэлъэр игу кьыщигъэкІыжькІэ.

Сабиитэм нэхъ іэфІ цІыху гъащІэм хэту кьыщІэкІынкьым. А лъэхъэнэм ныбжьыщІэм ильэгъуэ-зэхьаэхэр зэтеощІэхэ иКІи гуфІ кьонэ, нэхъыбжьэм и щапхъэфІыр дерс нэс хуоХу, лжьыгъэм епсыхь, хабзэ, нэмыс хэлъу кьютэдж. А псори Хьэбил епхьэлІэ кьунущ.

- 1949 гъэм япэ классым сыкІуа кьудейт ди Зеикьуэ кьуажэм гурІэгъэуэшхуэ кьыщыдэхъуам щыгъуэ. Кьэзгурыіуэ щІагъуэ щымыІэми, ар цІыхуэр зыгъэин, зыгъэльапІэ Іуэхущхуэ гуэру зэрыщІэкІ псэкІэ зыхьэсщІэрт. Апхуэдэуи кьыщІэкІащ: ди кьэралышхуэм и зы щІыпІи зэи кьыщымыІэхуауэ зэтеощІэкІэ и гуэр щымым - Бырс Анзор, Щоджэн ТІалашэ, Кьалмыкъ Хьэжмурат сымэ - зэгъусэу Лэжьыгъэм и Пхьэжьуэ щІэлъапІэр кьыщІащат. Ди дежкІэ ахэр щапхъэтэхъэ! Мис апхуэдэ нэхьыжьыфІ дызыдэпІеинхэр ди куэду дыкъэхьуащ, - иригушхуэу хуэдиз унагъуэ уэрамым кьыдэнэнтэкьым, общежитэм щІэкІуэдэнтэкьым, - кьеІуатэ и гукъеуэр Хьэпэм.

- ЗэхъуэкІыныгъэ» фІащу кьрахьэжьауэ щыта Іуэху зехьэкІэ мыхъумыщІэмрэ Ельцин Борис я пашэу ирагъэкІуэкІа кьэрал, лъэпкъгъэкІуэд политикэмрэ я зэранкІэ щыІуэ лажьэншэхэр бэлыхь инэм хэхуаеу, нобэр кьыздэсым закьыхуэущІэжьркъым. ЗыщІэсын зэрамыІэм и зэранкІэ, унагъуэщІэхэр зэтокъуэтэ, щІалэгъуалэм я гъащІэр зэхуэзтеухуэрэхьым. Абы хуабжьу сегъэлІатэ.

Хьэбил иригушхуэу топсэлъэух я лэжьакІуэхэм пщІэшхуэ хуащІу, гулъытэ ягъуэту зэрыщытам. Улаждэ Іиф, псэупІэкІэ кьызэрагъэпэщырт, союзпсо, урысейпсо зэпеуэхэм яГьакІуэрт, пашэхэм я сурэтхэм «ЩІыхь пъэзбгъур» яГъэбжьыфІэрт, кьыкъэжьанэкІэр зэпымыуэгъ я гъэпэжьэрт, Іэфіу яГьашхэрт, кьуажьэдэсхэр я транспорткІэ кьашэрт, яшэжьрт.

- Ди гупытэ зыльъэмыІэса кьэштхэтэуэ сщІэжьыркъым. Псори зэхуэдгъадэрт, я унагъуэ Іуэхухэм дыщыгуаэрт, пщІащІэу зыльъэпэжьакІуэ дгъакІуэрт, я узынщагъэм кІэлъыдгъэпльырт. Абыхэм езыхэри я гущІэ хьэлэлкІэ гъдэжьырт, я ныбжьыкІэхэм я зэманым ирикІуэ зэрим у гъэпсыкІ. Абы кьыхэкІыжьмэ, Налшык и унэхуэу комбинатри и кьэлэнхэм зэрыпэлъэщыжьрэ ильхьэм кьудейІц. А Іэнатіэри щызэпкърыхуэм, 1998 гъэм налог реформэхэр егъэкІуэкІыныжьмкІэ щІэгъэкъуэн фондым деж «Ремонт-уху»кІэ управленэ» ООО-р кьыщыдзэрыгъэпэщри, пенсэм кІуэхункІэ абы и унафэщІу Хьэбил лажьащ.

Зи дэтхэнэ махуэри Іуэхукіэ гъэнщІагъэ кьекІуэкІа Хьэпэ Хьэбил и гуащІэ хьэлэлыр гулъытэнщэ хуэкъым: КъБАССР-м и Министрэм и Совет ыпэм и Щыхь тхыпщІ, нэгъуэщІ дамыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьыхуагъэфэщащ, «Къэбэрдей-Балькъэрым щыІэ зиІэ и уухакІэ» щІэ лъапІэр кьыфІащащ, «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр кьратащ.

Жыгым и кьуэпсыр жьжьэ ядэмэ, ар кьаруфІэ гъащІэ, бжьыфІэщ. Ар епхьэлІэ хьунущ илъэс куэдкІэ лэжьыгъэшхуэ кьезыхьэлІа, накъыгъэм и 15-м илъэс 70 ирикъуэ уухакІэ Іэзэм и гъащІэмрэ кьикІуа гуэрыгуаНэмрэ. Кьезыхэхьэ лъэпкъым, кьэзыхьуахэм яхуэфащэу, абыхэм я пщІэр, я нэмысыр иІыгъыжу, дунейм тет Хьэпэ Хьэбил дохьэхуэу щІэблэм я дахэрэ я Іэфірэ хэмыкІыу я унагъуэм ядэрэ ящхьэщІыпыну.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик

● Дифі догъэлъапІэ

УхуакІуэ

Хьэпэ Хьэбил

иридэрт. Кіуэаракъэ, ухуакІуэ хьэзырт!

Школ нэужьым Іэщ Іагъэ хуэхъунум Хьэпэр куэдрэ егупсысакъым, Къэбэрдей-Балькъэр кьэрал университетым и инженер-техникэ факультетым щІэтІысхьэри, ар фІы дыдэу кьиухащ. Абы щІэныгъэ ерыскьыкІэ уухакІэ Іэзэхэм еблэжакъым. Налшык и, щІэныгъэм и зэфІэкІым кІэрыхуащ иКІи хуэмыхуэмурэ ар щІэтІысхьащ. Абы кьыхэкІыжьмэ, Налшык и унэхуэу комбинатри и кьэлэнхэм зэрыпэлъэщыжьрэ ильхьэм кьудейІц. А Іэнатіэри щызэпкърыхуэм, 1998 гъэм налог реформэхэр егъэкІуэкІыныжьмкІэ щІэгъэкъуэн фондым деж «Ремонт-уху»кІэ управленэ» ООО-р кьыщыдзэрыгъэпэщри, пенсэм кІуэхункІэ абы и унафэщІу Хьэбил лажьащ.

Зи дэтхэнэ махуэри Іуэхукіэ гъэнщІагъэ кьекІуэкІа Хьэпэ Хьэбил и гуащІэ хьэлэлыр гулъытэнщэ хуэкъым: КъБАССР-м и Министрэм и Совет ыпэм и Щыхь тхыпщІ, нэгъуэщІ дамыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр кьыхуагъэфэщащ, «Къэбэрдей-Балькъэрым щыІэ зиІэ и уухакІэ» щІэ лъапІэр кьыфІащащ, «Лэжьыгъэм и ветеран» медалыр кьратащ.

Жыгым и кьуэпсыр жьжьэ ядэмэ, ар кьаруфІэ гъащІэ, бжьыфІэщ. Ар епхьэлІэ хьунущ илъэс куэдкІэ лэжьыгъэшхуэ кьезыхьэлІа, накъыгъэм и 15-м илъэс 70 ирикъуэ уухакІэ Іэзэм и гъащІэмрэ кьикІуа гуэрыгуаНэмрэ. Кьезыхэхьэ лъэпкъым, кьэзыхьуахэм яхуэфащэу, абыхэм я пщІэр, я нэмысыр иІыгъыжу, дунейм тет Хьэпэ Хьэбил дохьэхуэу щІэблэм я дахэрэ я Іэфірэ хэмыкІыу я унагъуэм ядэрэ ящхьэщІыпыну.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик

ЩІалэгъуалэр фІым хуащІ

Къэрал кІуэщІ Іуэхукъэмкіэ министерствэу КъБР-м щІэІэм щекІуэкІащ экстремизмыр кьэмыгъэхъуныжьмкІэ, щІалэгъуалэр дин зэхьэкІар зи тегъэщІапІэхэм зыхамыщэнымкІэ республикэм и хабзэхъумэ Іэнатіэхэмрэ жылагъуэ зэгухьанысыгъэхэмрэ зэрызэдэлэжьэфынум теуХуа зэІущІэ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и милицэм и участковэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэр кьызэгъэпэщыныжьмкІэ, балигъ мыхъуахэм я Іуэхукъэмкіэ и кьудамэм и унафэщІм и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ милицэм и подполковник **Махьсидэ Аслъэн** зэпкърыхуэу тепсэлъыхьащ. ещанэкІуэхэмрэ студентхэмрэ хабзэм емыбжъэныным, апхуэдэу дин Іуэхукіэлапіэхэм ядэлэжьэныным теуХуэу ирагъэкІуэкІащ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэщ цІыху мин 90 зэкІуалІэ ещанІэ, зэмыІэужьыгъуэ 571-рэ. Махьсидэм кьыхэзрегъэщІащмкІэ, ЩІалэгъуалэм я Іуэхукъэмрэ жылагъуэ зэгухьанысыгъэхэм ядэлэжьэныжьмкІэ министерствэм, Балигъ мыхъуахэм я Іуэхукъэмрэ абыхэм я хуитныныгъэхэр хьумэныжьмкІэ комиссиэм я лІыкъуэкІэрыкъэжьапІэу зэІуІэзэхэр студентхэмрэ ещанІэхэм ящІэнущ.

КъБР-м и Муслымэхэм я дин Іуэхукъэмкіэ и унафэщІым и кьуэдзэ **Емкъуэ Анзор** зэпеуэуэрыщІ дин Іэнатіэм щІалэгъуалэр гъэсэным теуХуауэ зэфІигъэкІхэм.

- Муслымэм щІалэ гуп иджыблагъэ зыкьыгъэхуагъэзащІ Налшык и мэжджытым щыгъуазэкъм ящІщІ зыр зыужьныныгъэм ухуэзышэм хуэхтыну. Абы теухуауэ дгъэхьэзыра уазыр мэрем тхьэлъэІуэхэм ящІщІ зыкІуащІ, иКІи нэрылъагъуэ кьедэІуахэм я гум, я псэм зэрыдыхьар. Апхуэдэ Іуэхугъуэхэр республикэм и районхэм щедгъэкІуэжькІыну ди мурадщ. КьишьэмыщІауэ, а уазыр лъэпкъыбзэхэмкІэ зэддзэкІри, КъБР-м и мэжджытхэм еттащ, - жеІащ Емкъуэжьм.

Экстремизмымрэ терроризмымрэ зыщІэныдыным хуэунэтІа Іуэхугъуэхэм кьытеувыІащ КъБР-м щыІэ МВД-м и Жылагъуэ советым и унафэщІ **Хьуран Хьэсэнбий**. Советыр кьызэрызэрагъэпэщэрэ куэд щІакъым, ауэ абы хэтхэм районхэм я дин лэжьакІуэхэм, участковэ инспекторхэм ядэлэжьэныр зэтраубгъащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

КъБР-м и зэпІэзэрытыныгъэр къызэгъэпэщыным и телъхьэщ

КъБР-м щыІэ МВД-м и Жылагъуэ советым и зэІущІэ зэхэтащ. Ар теухуауэ щытащ къэрал кІуэщІ Іуэхукъэмкіэ Іэнатіэмрэ республикэм щыпсэухэмрэ я зэпыщІэныгъэр. - цІыхухэм хабзэм зэрыхащІыкІыр егъэфІэкІуэныным, Къэбэрдей-Балькъэрым мамырыгъэмрэ зэпІэзэрытыныгъэмрэ щыпсыхьэным жылагъуэ кьарур, Хуэзэщіакіуэ зэгъэзыгъэзэрыІуэным пыщІа гугъуехьхэм.

АБы И ЛЭЖЬЫГЪЭМ хэтащ кьэрал кІуэщІ Іуэхукъэмкіэ и министру КъБР-м щыІэ полицэм и полковник **Васильев Сергей.**

Министрым кьызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ КъБР-м щыІэ МВД-м, щыхуэхэм я хуитныныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэм, республикэм и дин Іуэхукіэлапіэ пэрытищым я унафэщІхэм зэрызэдэлэжьэныгъэм теуХуа зэгурыІуэныгъэм ящІэнущ.

- Къэбэрдей-Балькъэрым щыпсэу дэтхэнэми хабзэм ипкъ иткІэ и сэбэп зыхэлъхэр хьумэныр хуэунэтІа программэ зэрызэгъэпІалъэкІэ зэгъэзэрыІуэныр ди Фэщ мэхъу, - жеІащ Васильев Сергей. Жылагъуэ советым хэтхэр зэкъажьэу гупхэм я деж кІуэну, республикэм и кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ щыпсэухэм яхуэзэныр, зыгъэпІейтейхэмкІэ щІыхьхэм ядэгуэшэну, ахэр зытегужьвыхь Іуэхугъуэхэр зрагъэщІэну яхуигъэльэгъуащ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и унафэщІхэм кьапщыт атестацэм и гугъу щищІым, Васильевым ягу кьигъэжьащ Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий и унафэм ипкъ иткІэ ар зэрырагъэкІуэкІыну ПІалъэм мазитІ зэрыщІагъуар.

КъБР-м щыІэ МВД-м и унафэщІхэм кьапщыт атестацэм я зэрызыкьагъэзащІ Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий и унафэм ипкъ иткІэ ар зэрырагъэкІуэкІыну ПІалъэм мазитІ зэрыщІагъуар.

КъБР-м щыІэ МВД-м и іэкьакІуэхэм кьапщыт атестацэм зэрызыкьагъэзащІ Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий и унафэм ипкъ иткІэ ар зэрырагъэкІуэкІыну ПІалъэм мазитІ зэрыщІагъуар.

КъБР-м щыІэ МВД-м и унафэщІ Іуэхущапі Іэм

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

Асадхэм емыпхауэ хъуну пІэрэ?

● Сирие



Сирием и президенту щыта Асад Хафез и сурэтым бгъэдэтщ адэм и Іэнатіэр къызытыса Башар.

Мы къэралым щекІуэкІа пэкІуэхэм щыхуэ 800 экІуэдагъэхэщ. «Уэым нэхърэ хущхъуэр нэхъ Іейш», - жыхуаІэм хуэдэщ абы иджыпсту щекІуэкІыр.

СИРИЕМ къыщыхъуэм дику къагъэкІыж революцэхэр, зэпэщІыуэныр, зыкъэІэтыныр кІапэ-кІапэ кІуатэ зэрыхабзэр. Совет Союзым щыжаІэу щытащ «Есть у революции начало - нет у революции конца» жиІэу зыхэт уэрэд. Тхыдэм кхыхэнэ щхьэкІэ революцэм фІыкІ ухунщынэ и теклуэныр Іэмал зимыІэ Іуэхуу щрагъэкІым: абы и кІыраур хуримыкІынкІэ, е кІыхьаспэщэнкІэ, е «зэманыжь мыгъуэри нэхъыфІти» жозыгъэІэжьи кІыкІэтыкІынкІэ хъунщ.

Арэзы утемыкІуэн пІъэкІынкъым Сириеи и унафэщІхэм дзыхь зэрыхэщІу щытар щыхуэфэм кІаІэщІуэхуэу жаІэмэ. Мы къэралым и Іуэхур щызэІыкъыпэр Иракым щыщу зауэм кърихужьауэ мыбы ис щыху мелуан 1,4-м нэсым зэрэщышІэрщ, зыкъэзыІэтахэм кІаІэзрыхэмыхьрщ.

Хабзэхъуэмэ Іэнатіэ 17 иІэну зы къэрыр къэралым дежкІэ куэдыщэми, Сирием иІэщ. Хабзэхъуэмэхэм я Іэтащхьэ Мажррэ (президентым и къуэшщ) Шаукат Асефрэ (президентым и малъхъэщ) зыкъэзыІэтахэм Іэщэкіэ фІэкІ епсэлъэн эрамыдзэм къыхэкІыу, къэрыкІыпІэм зэрыщыжаІэщи,«президент Асад жыгым драхуейри, пкІэлъейр Іуахыжащ». Іуэхур зытеухуар Сирием и унафэщІэхэр демократием зэрыпэжьжьэр, Іулъхъэм псори зэрызэщІну-быдар, реформэжр кІаІэзрелъхъуІар, Тунисымрэ Египетымрэ я революцэхэм хуэдэ щІыхубзм яхуэзфІэкІыну зэрыщыгугъар аракъым, атІэ сыт мы къэралым кІыпэпльэр, Асадхэ я тетыгъэр яухмэ, - аращ нэхъыщхьэр.

Хьэрын дунейм щыщу мы зы къэралращ Иранрэ зыгъэнывбжькъэр. Сирием щыІэщ палестин ХАМАС-м и хэщІапІэр, ливан «Хьизболых»-м кІыкІыхэтхэр, зыкъыщІэзыгъакъуэхэр. Аращ зыкъэзыІэтахэм Иракым къраш Іэщэ кІащІыкІэрыхьэр (Айрда Алауи и унафэкІэ). ЗэрытщІэщи, Алауи кІыкъыуэтщ США-мрэ Саудей Хьэрыкъуэрэ. Анкарарэ Иерусалимрэ мы гъэм Іуэху бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ кІыхьагъуэтащ. Анкарарэ Дамаскрэ вІэзэнщэу зэкІэтыкІуэнмкІэ зэгурыІуащ, ауэ тырку политикхэр Сириеи и дзэм тохъуащІыхь исламистхэм зэрауІэру жаІэри. Ахэр зыгъэгузавэр зауэм ирихужьахэм щыщ куэд Тыркум зэрыкІуар арагъэнущ. Сириемрэ Ирамырэ я зэхуакъ кІыдзэхъуэу щыта зауэр нобэми игъэзэкІуэжакъым, ауэ нужьрейр Дамаск и Іуэхум кІыхьэІэбэну хуеинкъым. Пэжщ, Джолан Іуащхьэмкіэ зыгъэзэ Іэпхъуэщапхъуэхэр кІыкъэтригъэувыІащ, и гъунапкъэм иримыгъэхьэу. Израилыр имыгъэпІейтеим хуэдэщ Дамаск унафэщІ щыхъунур хэ тми. Уэсмэн империищІ зыухуэну хущІэкъу Тыркум я мурадхэри къехъулІэнкІэ Асадхэм епхауэ щымытыныр Іэмальнщэкъым.

КъуэкІыпІэ Гъунэгъум теухуауэ сыт хуэдэ мурад Вашингтонрэ Брюсселрэ ямыІэми, Сириеи щекІуэкІ Іуэхухэм я пэжыпІэр къэзыІуатэр зыкъэзыІэтахэм я лозунгхэр араугъэнщ: «Лавитхэр - кІыкІэ, чыристанхэр - Ливаныи». (Лавитхэр я динкІэ мусульманэм - шиитхэм пэгъунэгъущ, абыхэм я бжьыгъэр Сириеи щыпсэухэм я процент 6-10 хьуэу жаІэ. Илъэс 40 хьуэуэ Сириеи тетыгъэр щызыІыгъ Асадхэр алавитхэм ящыщщ - **Ш.М.**) Сириеи щыпсэуэм я процент 30-р чыристант ХХ лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэм, иджы ахэр проценти 10-щ зэрыхъэжьри. Асадхэр трахуэм, мы къэралми абы щыпсэу пІэпкъ щыкІуэми къапэпльэр гурыІуэгъуэщ: къэрыр социализмым и нужьрей хущІапІэ щытар дин, пІэпкъ елъытауэ пІэльэнущ, 40 гъэхэм ар Индиеи, 90 гъэхэм Югославиеи къаззрыщыщІам хуэдэу. Цыхуу минищэкъэ хэкІуэдэнущ абы, Іэпхъуэщапхъуэу къэнэнущ мелуан бжьыгъэкІэр, ар Иракым, Югославиеи щыпсэуэм къаззрыщыщІам ещхьу. Сириер хэщІапІэ яхуэхъунущ исЛамыр залымыгъэм хуэзыгъакІуэхэм (Иракымрэ Афганистанымрэ хуэдэу). Сириер пІаупэмэ, ар Иорданиеми кІыщыщІынкІэ хэтщІу, Іуэхур, дауи, щекІэкІуэнущ Иракымрэ Ливанымрэ, уеблэмэ Хьэрын хьІтІыгуныкІуэм.

Израилым и дзэ Іасхъэщіэхэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, Сириер Іыхьитху-хьиуэ щыпсэуэ къэзгъэІэтащ, алавитхэм, курдхэм, чыристанхэмрэ друзэхэмрэ, суннитхэм я Алепорэ Дамаскрэ жиІэу. Ар къэхъуэмэ, 1939 гъэм Тыркум Хатай иратауэ, 1967 гъэм Израилым Джолан Іуащхьэ иубыдауэ зэрыщытам зыри игъэзгъэзэжьынукъым. Пэжыр жыпІэмэ, абы зыри зэрыгъэІэтынуну хэлъкъым. 1930 гъэхэм а щІыналъэм щытепщэ Франдзым Уэсмэн империем и къутахуэхэм щыщ зэригъэпщІри, Сириеи ищІауэ арати, апхуэдабзэуи пІэльэхьжьнкІэ хьунущ. СССР-м, Юг ославием, Чехословакием, Суданым и щхьэм къриІуам къеГъэльагъэу тхыдэм зэрыпищэр, политикэ элитэхэр зыхуей-зыхуэмейм емыпытауэ дунейм куэд къыдзэрыщыхъур.

СЯГАНОВСКИЙ Евгений.
«Известия».

Испаниер ди хьэщІэщ... зы илъэскІэ

● Щэнхабзэ

2011 гъэр Испаниемрэ Урысейм я пІлъэщ. Абы кьикІащи, щэнхабзэм, экономикэм, щІэныгъэм, туризмым, нэгъуэщІхэми епхауэ Іуэху 350-рэ эдалщІэну зэгурыІуащ икІи мы гъэр кІэлъэзрыхьэрэ къэралитІми ахэр щагъэзащІэ.

ИСПАНИЕМ и гъэр Урысейм къыщыщІэзІуахым Санкт-Петербург къэкІуащ а къэралым и пащтыхь Хуан Карлос Іабы и щхьэгъусэ Софиерэ. Ахэр кърагъэб лэгъащ УФ-м и Президентымрэ Премьер-министрымрэ.

Медведев Дмитрий жиІащ мы къэралитІыр зэгурыІуэу къыщІэзэрыщІэу ящІ. Ахэр зыгъэзагъэр зауэм ирихужьахэм щыщ куэд Тыркум зэрыкІуар арагъэнущ. Сириемрэ Израилымрэ я зэхуакъ къыдэхъуэу щыта зауэр нобэми игъэзэкІуэжакъым, ауэ нужьрейр Дамаск и Іуэхум кьыхэІэбэну хуеинкъым. Пэжщ, Джолан Іуащхьэмкіэ зыгъэзэ Іэпхъуэщапхъуэхэр къыщэтригъэувыІащ, и гъунапкъэм иримыгъэхьэу. Израилыр имыгъэпІейтеим хуэдэщ Дамаск унафэщІ щыхъунур хэ тми. Уэсмэн империищІ зыухуэну хущІэкъу Тыркум я мурадхэри къехъулІэнкІэ Асадхэм епхауэ щымытыныр Іэмальнщэкъым.

Зи пхъэр къикІар Санкт-Петербург дэсхэр арауэ жыпІэ хьунущ. Къэралэ Эрмитажым мы махуэхэм щалъэпсыр зэрыщІэсыр Мадрид дэт Прадо музей щІэрыІуэм и гъэтІылъыгъэхэр. Абы щыщ куэдыр XVII-XVIII лІэщІыгъуэхэм ящІа лжьыбгъэхэщ, Веласкес, Гойя сымэ я ІэдакъэщІэкІэхэщщи хэту.

ЭдащІэ Іуэхухэм щыщу мыри кьыхэгъэщІыпхъащ. «Президенский центр Б.Н. Ельцина» фондым Мадрид кьыщыщІытэжащ урыс литературэм щыщ испаныбгъэкІэ эдэнкІыным теухуауэ иригъэкІуэкІа эпхъуэр. Испан тхакІуэ, эдэзэкІакІуэ, щэнхабзэм и лэжьакІуэ щІэрыІуэхэр зыхэт жюрим саугъэт иритащ Лесков Николай и «Очарованный странник» повестыр эзэщІдзэкІа Фернандо Отеро Масиас. Саугъэт хуагъэфэщащ Сорокин Владимир «День опричника» зыфІища повестыр ипаныбгъэкІэ эзэщІдзэкІа Добровольскаяя Юлэрэ Хосе Марие Ровиррэ.

Фернандо Отеро Масиас ИТАР-ТАСС-м и корреспондентым жриІащ: «Урыс литературэр фІыуэ умыльэкІ. ПІльэкІынукъым. Абы гъащІэм и дахагъэр кьелыхьуэ, уи кІаурмрэ зэфІэкІымрэ хэхъуауэ кьыпщегъэжьу. Сэ дахуэдэ тхыгъэ щІызэздзэкІкІэ гъащІэм и мыхьэнэм среГъэгупсыс, щыхугъэ схэльу сыпсэуэм сыхуей сещІ. Нэхъыщхьэращи, мыпхуэдизу дзэзэрыщІэдлажьэм ди льэпкъхэм, къэралхэм я зэнбжьэгъуэгъэ егъэбыдэ».

Театр, сурэтыщІ гъуэзджэмкІэ къэдгъэзэжьмэ, Испанием зыкьыщагъэльэгъуэнущ Новосибирск операмрэ бале тымкІэ и театрым, Санкт-Петербург балет театрым, Спиваков Владимир зи унафэщІ Льэпкъ филармоние оркестрым, Башмет Юрэ и Солисты Москвы ансамблым, нэгъуэщІхэми.

Урысейм и Эрмитажым Испанием и кьалэ Аликантe ешэ археологие хьугъуэфІыгъуэгъу экспонат 486-рэ. Ялэ дыдэу щыху щытІыса щыпІэхэм кьыщагъуэтыжахэм кьыщыщІэдзауэ Грозный Иван и пащтыхьыгъуэм ящІа жьэпшыпІ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщІэкІыжу ялъэгъунущ хьу Курытым и Іуфэм Іусхэм абы щхьэкІэ тезыдзэу а кьалэм кьыкІуэнхэми.

Испаниеми, зэрыгурыІуэгъущи, зэрыгушхуэу иІэ театр, уэрэджыкІаІуэ, кьэфакІуэ якьпІэми, Урысейм кьыпэжьащ.

Испаниемрэ Урысеймрэ я иІэсыр дыгъэгъэзэм и 5-м яухынущ. Мадрид дэт Пащтыхь оперэ театрым гала-концерт щекІуэкІынущ театр Інымрэ Маринскэ театрымрэ я артист щІэрыІуэхэр хэту.

Эрмитажым зыщалпІыхь Испанием и пащтыхь зэщхьэгъусэхэу Хуан Карлос Езанэмрэ Софиерэ, УФ-м и Президент Медведев Дмитрийрэ абы и щхьэгъусэ Светланэрэ.

● Олимпиадэ-2014

Пхёнчхан и мурадхэр

Корее Ищпэм 2014 гъэм екІуэкІыну Олимпиадэм зыхуэгъэхьэзыр, ар Сочи зэпеуэм кьыдэрыхихам химыцІыкІым хуэдэу. Пхёнчхан и спорт Іуэхущ1апІэхэм я нэхъыбэр хуэхьэрыщ щыкъуэм Дмитрий Медведевым, Дмитрий Дмитриевичым, Адрейхэми йоужьэрэкІ, А псори кьыщыдэхьидыкьыхьым, «Известия» газетым и корреспондентым кьыгурагъэІуащ 2014 гъэм я гугъэ зэрыхамыхьжар. Сыт мыхэр зыпсэльыр?

ЕЗЫХЭМ къэралым кьыбгъэдЖ псалъэ щагъэІукІэ, 2018 гъэм екІуэкІыну Олимп Джэгухэм зыхуагъэхьзыру жаІэ. Корее Ищпэм нэмыщІауэ, абы щІэбэнынущ Германиемрэ Франдзымрэ. ЩІымахуэ Олимп Джэгухэр Пхёнчхан щрагъэкІуэкІынщ зыГорагъэхьэн щхьэкІэ Корее Ищпэр иджы ещанэу зэпеуэм хэтынущ. Ещанэри кьимыхьнкІэ хъунущ, ауэ езыхэм спорт Іуэхущ1апІэхэр еужьэрэкІыу яухуэ. Дунейпсо зэхьэзэхуэ щрагъэкІуэкІауэ икІи сыт и льэныкъуэкІи хьэзыру кьалъытауэ яІэщ лыжэ къежэхьапІэхэр, трамплинхэр, стадионхэр. Къэнэжар хоккейм папщІэ стадион яухуэнраци, ари пІальэ кІэщІым кьрибыдэу яухынущ.

Корейхэр ахъшэм щысхьакъым. Пхёнчхан Олимп Джэгухэм хуагъэхьзырыным доллар мелард 1,5-р трагъэкІуэдащ. Кореем 2014 гъэр кьихьакъым, 2018 гъэм екІуэкІыну Олимпиадэр Германием и Франдзым льагъэсыжкІэ хъунущ, сыт атІэ апхуэдизу мылъку щІигъэкІуэдыр? А упщІэм и жэуап къуатынукъым къэрал къулыкъущІэхэм, ауэ кьызыпхасІэгъуКІ 2014 гъэм я гугъэр зэрыхамыхьжар.

Сочи трахыжу Пхёнчхан Олимпиадэр яхьыну къэхъункІэ хъуну? Урысейм кьыхуэмыфІ гурэхэм зэрыжаІэмкІэ, ар щхьэусыгъунтІым епхауэ къэхъунри хэлъщ.

Ялэр - и чэзум Сочи хуамыдзэхьэзырмэщ щІымахуэ Олимп Джэгухэм. УхуэныгъэмкІэ Корее Ищпэм дыкъыкІэрыхуми, псори и чэзум яухыну жеІэ УФ-м спортымрэ туризмымкІэ и министр Мутко Виталий. Абы и псалъэм щыхьэт тохьэ МОКМ-м кьигъакІуэ лІыкІуэхэри. Абыхэм щІэх-щІэхьыр зыкьащІэ Іуэхуэр зэрекІуэкІыр.

ЕтІуанэ щхьэусыгъуэр - ар Сочи пэгъунэгъу щІыналъэр мымамырыныр. Ауэ абы утепсэльыхьыныр лейщ Урысейм и щІыху мелуанхэм, уеблэмэ къэралым кьулыкъущхьэхэм щызыІыгъхьми, ар я зыгъэпсэхупІэу зэрыщытыр къэптыгъэ. Дауи, щыІэщ а псори зэхуэмыдэу хуейхэр.

Урысейм щынагъуэщІагъэр кьыщІэзэгъэпэщ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэм «Известия» газетым и корреспондентым къызэрыжриІамкІэ, Грузием кьикІри Сочи къэкІуащ щІэпхъаджагъэ зыщІэну зи мурадкэр. Абыхэм мы щІыпІэм щыпсэу Іуэхуэм зыхагъэгъуэщэну, ухуакІуэу лэжьэну Іуэху зэрахуэ. Уеблэмэ Олимпиадэр щымыІэным нахьыпэгъэ Іуэхуэ щыубзыхуэ программэ яІэу къыщІэкІынущ. Апхуэдэ мурад зэраІэр куржы политикхэм я ёзыщІыркъым. Къащтэмэ, ООН-м кьыщыпсальэу, Саакашвили Михаил 2008 гъэм Урысейр игъэкъэтэнщ, Олимпиадэр и щхьэусыгъуэу, Абхъазым и щІыуэпс бейр зэхифыщІэу жиІэри.

А тъэ дыдэм Грузием и Льэпкъ олимп комитетым кьыхилъхьат мы Іуэхур Корее Ищпэм е Австриеи хьын хуейуэ. Иджы ящІ щхьэусыгъуэр щІыуэпсгъэкъым, атІэ политикэт зэпхар: Кавказ Ищхъэрэр мамыркъым, Сочи пэгъунэгъуэ Урысеймрэ Грузиемрэ щІыпэпэщІуэна щІыналъэм.

- Сочи щекІуэкІын хуей Олимпиадэр щыдмыгъэІэныр псом япэ идгъэщауэ дызытелажьэ Іуэхущ, - жиІащ Миналшвили Акакий, Грузием и Парламентым хамэ къэрал Іуэхухэмкіэ и комитетым и унафэщІм.

А псори псалъэм къыщыпэжьну кьалъытэ Урысеймрэ Грузиемрэ я аналитикхэм. «Олимпиадэр зэрыдгъэхьэзырыр зыми кьыхуэзгъэтэуувыІэнкъым. Апхуэдэ хабзэм ищІэжьркъым, Олимпиадэм и егъэкІуэкІыкІэм зэрыщІэкІынкъым. Ауэ Іуэхущ1ап1эхэм щІыкІэ зыкъыщІэкІынкъым. КъащІыхуэмыбжьри ешэнщэу кьихьэ зэрыщІэн и закъуэкъым, атІэ нэгъуэщІ къэралхэм щхьэусыгъуэ кьыщІэкІынкъым. КъащІыхуэмыбжьри ешэнщэу кьихьэ зэрыщІэн и закъуэкъым, атІэ нэгъуэщІ къэралхэм щхьэусыгъуэ кьыщІэкІынкъым. КъащІыхуэмыбжьри ешэнщэу кьихьэ зэрыщІэн и закъуэкъым, атІэ нэгъуэщІ къэралхэм щхьэусыгъуэ зэрамыхьырщ.

ГРИЦЮК Маринэ.
«Российская газета».

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ШИРДИИ Маринэщ.

Хэхъныгъэхэр къоблагъэ

Шойгу Сергей и цІэм ирапх

Путин Владимир Цыхубэ фронт кьэзрегъэпэщ. Ар абы щыжиІащ «Урысей зэкъуэтым» Волгоград щІэрыкІэкІэ зэІущІэм. А партращ мы зэгуэнымгъэм «пкъы» хуэхъунуми. Къэрал Думэм и Унафэщ Грызлов Борис зэрыжиІамкІэ, жылагъуэ организацэу 100 зэгуэнымгъэ щІэныгъэ-хутэ зэрыщІэн щІащ мы партым кьызэрепхарэ. «Зэхуэхуэсыгъэм» кьыхьэу кьызэрыщ «Урысейм и цІыхубзхэм я зэгуэнымгъэр», Профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэр, автомобилистхэм, Афганистаным щыщІэхэм я зэгуэнымгъэхэр, нэгъуэщІхэри.

- Дэ зи Іуэху зетхуэр хэхахІуэхэм къэгурыдгъэІуэнырц: я Іэр щІалъэнмрэ зи рейтингыр кьелъэхьышэхэ партым, абы хэт бизнесмен хэмрэ бюрократхэмрэ я закъуэкъым, атІэ цІыху кьызэрыгуэкІ куэд кьызэщІэзыубыдэ фронтымрэ хэхуэу Путинрэ щхьэкІщ, - жиІэ политолог Белковский Станислав.

Экспертхэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, ЦІыхубэ фронтым и совет ты и унафэщІ хьункІэ хьунущ Урысейм и Пльхъэжь Шойгу Сергей.

- Путин Владимир кьыгурыІуагъэнущ: щхьэхуэр зэщІэгъэуІуа зэрымыхьурщ экономикэм зрагъэужьныр кьащІемыхьуліэр, - жиІэ политолог Бадовский Дмитрий. - Фронтым и псальэм мыхьэнэщхуэ иІэну кьыщІэкІынщ президент хэхъныгъэхэр кьэсмэ.

КОЛЕСИЧЕНКЭ Александр.
«Аргументы и факты».

Академикхэр хогупсысыхь

Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ и Академием и зэІущІэ екІуэкІащ, нэгъабэ зэфІагъэкІа Іуэхуэр кьэщытэжьным теухуауэ.

ЗЭУЭ и гугъу тщІынщ академикхэр нэхъ зыгъэгузавэм. 2011 гъэм щІэныгъэм хуэхаха ахъшэр сом мелард 76,2-кІэ нэхъыбэ хьури, сом мелард 253-рэ мелуани 4-м нэсащ. Зэ епльыгъуэкІэ ар хъарзынэщ. Ауэ а ахъшэм щыщу щІэныгъэхутэ дзэкъыгъэм хуэхаха хэщІащ. Псальэм папщІэ, РАН-м щІэныгъэхутэ лэжьыгъэм тригъэжьэдэну иратар сом мелард 55-щ зэрыхьур. РАН-м и Президент Ягъэмрэ Ягъэмрэ, еджапІэ и нэхъыщхьэхэм ирагъэжьэкІ щІэныгъэхутэ зэрыщІэн тригъэжьэдэну ящІагъэ ащ. РАН-м и щІэныгъэлІ секретарь нэхъыщхьэ Костюк В. зэрыжиІэмкІэ, еджапІэ нэхъыщхьэхэм хуащІ гулыгъэм зэрыкъагъэхъуапхъэр РАН-м иІэн хуей мылъкум кьыкІраудымкІэкъым. Абы дызыхуишэнур гурыІуэгъэщ: къэрал пэрытхэм щІэныгъэм зэрызрагъэужьым дыкъыкІэрыгъэнущ, эгъэгъэ дакІэщІэмыхьэжьыфынущ.

Къащтэмэ, экономикэ кризисым епха гуГуехьхэр мымащІэми, абыхэм нэхъри хагъэхьауащ щІэныгъэм трагъэкІуадэм. США-м и президент Барак Обамэ 2009 гъэм жиІэгащ: «ЩІэныгъэм, зэи хуэмыджу, дыкъэнукъэщ цыхухэм я псэукІэр, я шынагъэнэшагъэр, я узынщагъэм дыхьэрыІэпльыпльыр едгъэфІэкІуэн, дуней дыкъэзыхуэрейхьм и щытыкІэр тхъумэн папщІэ. Дэ ВВП-м и процентэ 3 хуэхэтхынущ нэхъэхутэныгъэщІэхэм». Франдзым и президент Саркози Николя нэгъабэ жиІащ илъэсиплІ кьэкІуэнум щІэныгъэм еврэ мелард 35-рэ зэрыхухахьнур.

- ЩІэныгъэр япэ изымыгъэщ къэралым тхыдэ щыуагъэ къеГъэхуэ. Ди экономикэм епха гуГуехьхэр ди щхьэусыгъуэу, щІэныгъэм тедгъэкІуэдгъэ дгъэмащІэ хьэрыкІэ,- жиІащ абы.

Кьыхэфгъэщмэ, зы щІэныгъэлІ-кьэхутакІуэм и лэжьыгъэм тригъэжьэдэну илъэсым ху ящІэу Урысейм щратыр сом мин 800-м нэсу араш. США-м, Германием, Швециием, нэгъуэщІ къэралхэм зыщыуэжьаэмэ и бжьыгъэр хуэдипщІкІэ щынэхъыбэщ. Академием и щІэныгъэ Іуэхущ1апІэхэм щылажьэхэм я ураХуэр ику иту процент 4 хегъахъэу, Псальэм кІэщІыгъуэ жыпІэнымэ, доллар мелард 18-р пэж дыдэу кьыщІэкІынукъым, уеблэмэ ар и пэжыпІэкІэ зыхуэдизым и процент 20 хуагъэфащэ.

Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и Академием и зэІущІэ екІуэкІащ, нэгъабэ зэфІагъэкІа Іуэхуэр кьэщытэжьным теухуауэ.

ЗЭУЭ и гугъу тщІынщ академикхэр нэхъ зыгъэгузавэм. 2011 гъэм щІэныгъэм хуэхаха ахъшэр сом мелард 76,2-кІэ нэхъыбэ хьури, сом мелард 253-рэ мелуани 4-м нэсащ. Зэ епльыгъуэкІэ ар хъарзынэщ. Ауэ а ахъшэм щыщу щІэныгъэхутэ дзэкъыгъэм хуэхаха хэщІащ. Псальэм папщІэ, РАН-м щІэныгъэхутэ лэжьыгъэм тригъэжьэдэну иратар сом мелард 55-щ зэрыхьур. РАН-м и Президент Ягъэмрэ Ягъэмрэ, еджапІэ нэхъыщхьэхэм ирагъэжьэкІ щІэныгъэхутэ зэрыщІэн тригъэжьэдэну ящІагъэ ащ. РАН-м и щІэныгъэлІ секретарь нэхъыщхьэ Костюк В. зэрыжиІэмкІэ, еджапІэ нэхъыщхьэхэм хуащІ гулыгъэм зэрыкъагъэхъуапхъэр РАН-м иІэн хуей мылъкум кьыкІраудымкІэкъым. Абы дызыхуишэнур гурыІуэгъэщ: къэрал пэрытхэм щІэныгъэм зэрызрагъэужьым дыкъыкІэрыгъэнущ, эгъэгъэ дакІэщІэмыхьэжьыфынущ.

Къащтэмэ, экономикэ кризисым епха гуГуехьхэр мымащІэми, абыхэм нэхъри хагъэхьауащ щІэныгъэм трагъэкІуадэм. США-м и президент Барак Обамэ 2009 гъэм жиІэгащ: «ЩІэныгъэм, зэи хуэмыджу, дыкъэнукъэщ цыхухэм я псэукІэр, я шынагъэнэшагъэр, я узынщагъэм дыкъэзыхуэрейхьм и щытыкІэр тхъумэн папщІэ. Дэ ВВП-м и процентэ 3 хуэхэтхынущ нэхъэхутэныгъэщІэхэм». Франдзым и президент Саркози Николя нэгъабэ жиІащ илъэсиплІ кьэкІуэнум щІэныгъэм еврэ мелард 35-рэ зэрыхухахьнур.

- ЩІэныгъэр япэ изымыгъэщ къэралым тхыдэ щыуагъэ къеГъэхуэ. Ди экономикэм епха гуГуехьхэр ди щхьэусыгъуэу, щІэныгъэм тедгъэкІуэдгъэ дгъэмащІэ хьэрыкІэ,- жиІащ абы.

Кьыхэфгъэщмэ, зы щІэныгъэлІ-кьэхутакІуэм и лэжьыгъэм тригъэжьэдэну илъэсым ху ящІэу Урысейм щратыр сом мин 800-м нэсу араш. США-м, Германием, Швециием, нэгъуэщІ къэралхэм зыщыуэжьаэмэ и бжьыгъэр хуэдипщІкІэ щынэхъыбэщ. Академием и щІэныгъэ Іуэхущ1апІэхэм щылажьэхэм я ураХуэр ику иту процент 4 хегъахъэу, Псальэм кІэщІыгъуэ жыпІэнымэ, доллар мелард 18-р пэж дыдэу кьыщІэкІынукъым, уеблэмэ ар и пэжыпІэкІэ зыхуэдизым и процент 20 хуагъэфащэ.

Хамэхэр догъэунэ

● Ахъшэ

Урысейм идъэс къэс йокІ доллар мелард 18. Абы и нэхъыбэр кьыздикІа къэрадхэм езыгъэхьыр ди деж щылажьэхэрщ.

- ТАДЖИКИСТАНЫМ и ВВП-м и процент 50-р къэзылажьэр гастарбайтерхэращ, - жиІэ экспертэ Поставник Вячеслав. - Таджикистаным икІаУэ лажьэхэм я процент 90-р Урысейрщ зэдэщІэр. Дунейпсо Банкым и бжьыгъэм зэрыгъэгъэтъагъэуІуэмкІэ, Молдавием и ВВП-м и процент 30-р. Кьыырпыхьым и процент 25-р зыикІыр Урысейращ. Пэжщ, Урысеймрэ и фейдэм кьыхэхьэ абы - нэгъуэщІ къэралхэм кьикІахэр куэду щылажьэ ди щІыналъэхэм я экономикэм ику иту процент 4 хегъахъэу, Псальэм кІэщІыгъуэ жыпІэнымэ, доллар мелард 18-р пэж дыдэу кьыщІэкІынукъым, уеблэмэ ар и пэжыпІэкІэ зыхуэдизым и процент 20 хуагъэфащэ.

А ахъшэр къэзылэжьхэм я бжьыгъэм дыщымыгъэуэжу жаІэ: ФМС-м кьигъэльагъэр щыхьэ мелуани 4-щ, ауэ Урысейм щолажьэ мелуани 10-м нэсыр. ФМС-р нэхъ зыщыгъуэщІ и щІэныгъэкІэ, и Іэщ1агъэкІэ Урысейр зыхуэныкьуэу кьрагъэблагъэхэрщ. Іэнэщ1эхьыдзу лэжьынуэр зыми кьыхуэзбжьыкъым. Къащ1ыхуэмыбжьри визэнщэу кьихьэ зэрыщІэн и закъуэкъым, атІэ нэгъуэщІ къэралхэм кьикІахэр щхьэусыгъуэ кьызэрыщІэгъэщІыгъуэрщ, наІуэ кьащІми, абыкІэ жэуапышхуэ зэрамыхьырщ.

ГРИЦЮК Маринэ.
«Российская газета».

ПОПОВ Сергей:

● Льэпкъхэр

Ддэнукъым апхуэдэ щІэпхъаджагъэхэр

КъШР-м и экстремистхэм иджыблагъэ мафІэ щІадзащ Шоан бгым тет чыристан храм ныжьышхуэз зиІэм, Георгий Победоносец зытет стелэр якъутащ, православиемкІэ льапІэ нэгъуэщІ фэеплъхэми мафІэ щІадзащ.

Кавказ Ищхъэрэм дин, льэпкъ Іуэхуэр тКІий зэрыщыхьум и нэщэнэ щыІэу жыпІэным лъэбжьэ хуэхъу нэгъуэщІ зыгуэри къэхъуащ: Преграднэ станицэм (КъШР) щызэзэуащ къэрэшей, урыс щІалэгъуалэр. ИтІанэ къэрэшей гуп къэжІащ зэзэуахэм ящыщ урыс щІалэм и унэм. И щхьэгъусэмрэ сабийхэмрэ лей къатемыкъэн щхьэкІэ, щІалэм - Стригин Евгений - фочыр дриІэуэнщ. Зыри къыхьакъым - къытеуахэр къызэрыкІуа машынэмкІэ щыуэм, шэр техуащ щІалэхэм ящыщ зым. Арати, къэрэшейхэр къызэрыІэтащ, Уарп районым щыпсэу урыс псомэ щІыпІэр ябгынэну къагъэзыу.

Стригин и хьэкум ящІэн яухакъым. Абы и Іуэхур къызыхэкІар гурбиянныгъэрэ тратрэщІэну яужь итщ, и унагъуэм къыщхьэщыжьыж мурад зэрилар къамылытэхэщ. Жылагъуэр Евгений къыщхьэщыжу къэрал унафэщІхэм дех тхащ.

Мамыру зэдалсэуэу щытахэр мылухуэдэу зэхуэтэмакъыкІащ. Іэрыльтагъу мыхьу щІэхъуам и щхьэусыгъуэхэм тедгъэпсэльыхьыну зыхуэдгъэзащ Кавказ Ищхъэрэм, льэпкъ зэхуэщытыкІэхэм епхауэ щыІэ Іуэхуэхэм фІыуэ щыгъуазэ, УФ-м етІуанэ класс зиІэ и къэрал советник, Ставрополь крайм и Жылагъуэ палатэм и унафэщІ, «РЕКА» (Рус- ское единство Кавказа) жылагъуэ-политикэ зэщІэхьееныгъэм и лэжьыгъэр зыубзыху Попов Сергей.

- Игъащ1э льэнэрэ къэзакъэхэм я щІыналъэм апхуэдэ щхьэ къыщІэхъуа? Къэзакъэхэр мы Іуэхум щхьэ хэмылэбэрэ?

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, къэзакъэм я Іуэхур фІыуэ пхужьІэнукъым мы зэманым. 90 гъэхэм льэндзэрэ Іуэхур зэІубэкъым: къэзакъэхэм Іэмал иратырыкъым я льэ теуэну, я щІыр Іэщэ яІыгъыу яхъумэжьыну.

Абы кьинэмыщІауэ урысхэмрэ къэзакъэхэмрэ льэпкъ зэзэщхьэхуэу кьэщІрагъэзыну яужь итхэр щыІэщ. СызэрелъхьмкІэ, къэзакъэхэр зым къытеувыІэн хуейщ: абыхэм урыс льэпкъым щыщу залъытэр пэжмэ, урыс, славян зэгуэнымгъэ псомэ ядэгъэжьатэщ, ядИ ядИнэ зыну и льэпкъщ «урыс»хэр къэралыр къэзыгъэщІ льэпкъщ» жилэу Конституцэм иратхэнщ.

- Къэралым и унафэщІхэм, Президентым и лІыкІуэу СКФО-м щыІэ Жылоним Александр жаІэрейщ Кавказ Ищхъэрэм урысхэр кьинэным гулъытэщхуэ зэрыхуэщІыпхъэр...

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а псор псалъэ кьудеиуэ ящхьэщІ. Республикэхэм щыпсэу урысхэм кьалэн ягъэзэщІэр тхьэмпэ удзыфэм щІэт пкъыпсым и мыхьэнэм кьызэрыкІэрымыхур иджыри кьагурыІуакъым. Абы и щхьэзтщ Кавказ Ищхъэрэр урысхэм щІабгьыным и щхьэусыгъуэр щІыхьэм и хуитыныгъэм кьыщІэхьэхэм зэхагъэжьІыпхъэу Президент Медведев Дмитрий жиІами, зыми зэрызымыгъэхьэр.

- ЩІэнэн, Ингуш республикэхэм езыгъэльэпкъэращ щыпсэуэжьыр. Къэрэшей-Шэрджэсым щыІэ Урысейм и Президент Медведевым и Федеральнэ Собранэм ижьрейуэ Зэрызэхуигъэзам зы псалъи щыжиІакъым абы теухуауэ!

Иджы и гугъу тщІынти хэгъуэгум игъуэтын хуей социально-экономикэ зыужьныгъэм теухуауэ ягъэбелджылам щыщ Іыхьэм: «Льэпкъхэм я бжьыгъэм Іэпэхуэщапхъуэхэм ехьэлІауэ Кавказ Ищхъэрэм сыт хуэдэ Іуэху щемыкІуэкІми, урысхэр Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Осетие Ищхъэрэ республикэхэм кьынэнущ 2025-2030 гъэхэм пщІондэ».

Нэгъэщ1у жыпІэмэ, мыр зыгъэбелджылаХэм жаІэр урысхэр, урысыбзэмрэ щэнхабзэмрэ иджыри илъэс пщІы бжьигъэ гъэркІэ республикэхэм зэрыщыІэнур, ауэ Дагъыстэным урыс льэпкъри абы и щэнхабзэри куэд мыщІэу щыпльагъэжьынкъым.

- Мы хэгъэгум кьыпэплъэм теухуауэ сыт жыІэнт?

- Урысхэр гулъытэнэщу кьызэрынэм тепщІыхьмэ, фІы кьытпэплъэу жыІэгъуйщ. Абы хэпльхьэ

КЪЭФАКІУЭ

●Гъуазджэ

ГУПИТІЫМ Я ПШЫХЬ

Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ я унэ Налшык дэтым концерт дахэ щекІуэкІащ. Абхъаз Республикэм и «Кавказ» къэрал къэфакІуэ ансамблымрэ (художественнэ унафэщІыр СССР-м, Абхъаз, Осетие Ипщэ республикэхэм я щІыхубэ артист Тарбэ Кандидщ) Осетие Ипщэм уэрэдымрэ кІафэмкІэ и «Симд» (художественнэ унафэщІыр Алборов Иналщ) гупымрэ зэгъусэу кІыхьэрэгъэпэща пшыхьыр теухуат а республикитІыр къэрал щхьэхуит зэрыхьуар щагъэльапІэ махуэм.

ЗЭЩІЩЭМ и пэщІэдэзу утыкум къыргъэблэгащ Осетие Ипщэ Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрым и кІуэдзэ **Каджаев Филипп** Сыхъум кІалэ Советым и депутат, Абхъазым кІикІа гупым и унафэщІ **Какае Миран** КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Фыриэ Руслан** сымэ. Министрыр кІэщІу тепсэлыхьхащ ди хьэщІэхэр кІыхьэкІа пэлэпхъэм, гугъуехьу ящэчам, ягъуэта нэплъэжыгъуэм, я зекІуэм щІыщІ ІыхьэУ Налшык кІыхьэрыщІэзэтеубЫр министерствэми ди щІыхуэхми дежкІэ зэрыпщІэшхэм.

- Зэкъуэщ республикитІым я гуп пажэхэр ди деж кІыхьэрыкІуэнур кІыщІыджаІам, дэ дыщІыгуфІыкІат, - кІыхьигъэщащ абы. - Мы пшыхьым кІрихьэлІащ ди щІыналъэм и унафэщІхэр, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр ильэс зэхуэмыдэхэм зыгъэзбжьыфІа къэфакІуэ щІэрыпуэхэр, абыхэм кІащІэхьуа щІэблэр, «Абхъаз», «Симд» гупхэм я гуащІэм дихьэх щыхуэхэр. Си гуапэу сынывохьуэхьу хьэщІэхэм фи гуфІэгъуэмкІэ, зэІущІэм зыкъорезыгъэхьэлІа псоми концертым дэрэжэгъуэ кІывитІыну си гуапэщ.

Каджаев Филиппрэ Какае Миранрэ тепсэлыхьащ я щІыналъэхэр зыхэта бэлыхьхэм, гуныэгъу зэрыпхуаІуэм ахэр гугъу зэрыригъэхьам, иджы тхыдэм щыщ хьуЖа махуэ псэзэпылъхьэпІэхэм.

- Зэгъусэу нобэ утыку кІинха гупитІыр зыщІащ республикэхэм я президентхэу Сергейр Кокойтэ Эдуардрэ я политикэ губзыгъэм и фІыгъэщ ди щІыналъэхэр зэрефІакІуэр. Ди зекІуэри абыхэм я гурыль дахэхэм кІыпІэзыщІэри, ди хьэщІэгъуэм хэгъэрейхэр фыщыгуфІыкІыну ди гуапэщ, - жиІащ Каджаевым.

«Фи пщыхьщхьэ фІыуэ, ди кІуэзыхэ!» - жиІэу кІыхьэхусэхэм адыгэбзэкІэ захуэзыгъэзэ Какае Миран фІыщІэшхуэ яхуищащ курмы-абхъаз зауэм псэемыблэжу хэта ди щІалэхэм, абы хэкІыдэхэм лІыгъэу зэрахьар зэращымыгъупщэнгъ кІыхьитэщащ.

Апхуэдизэу кьеджащ республикэм и унафэщІхэм кьабгъэдэкІ псалъэгуапэхэр зи льабжьэ тхыгъэм.

Си кьэфэкІэ дахэм дыщыгъуазэ «Кавказ», «Симд» гупхэм я лъэгу дыщІагъэпльын щІадзащ. Абыхэм я ислъэмейхэр, кьафэжьхьэр, удиклэр, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я кьафэхэр ДЭзэыльхэм защІэт. КьыщІыхьурт дэтхэнэ зыми щхьэ хуэу утепсэлъыхь хьуну, итІанэми гуэздджэр псалъэ зэрыхуэмыныкъуэр, уигу кьэкІыжьрти, кьэфакІуэхэм я фащэ дахэмрэ зыІыбгъыкІэ екІуэрэ уэзыкІэ дунейдахэм хуиту зыщуплъыкьыр. Пщащэхэмрэ щІалэхэмрэ я кьэфэкІэр, «Симд» ансамблым и уэрэджьыкІуэ гупым игъэзэщІа уэрэдхэр гуэрыдыкьым и щІыхьэтт абыхэм хуаІэт Іэгуаэу иныр, пшыхьыр зэрекІуэжа сыхьэтитІым щІигъу зэманыр псынщІэ дыдэу зэрыблІэльэтар. Кьыхэхуэсахэм гуэхъуэрэ дэрэжэгъуэрэ яГуэтауэ зэбрыкІыжащ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *тращащ.*

●Адыгэхэм я фэепль махуэ

ЩІЭБЛЭР ЩАГЪЭГЪУАЗЭ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и къудамэм и лэжьакІуэхэм кьыззрагъэпэща зэхъыкІыжьыр теухуат Адыгэхэм я щыгъуэ махуэм.

А ІУЭХУМ хуэхаа пэшым щагъэльагъэрт лъэпкъым и тхыдэм ущызыгъэгъуазэ тхыгъэхэр, сурэтхэр, фэепльхэр. Зэхьыкъэм щыщІидзэм кьызэхуэсахэр дакьикьэкІэ яхуэщыгъуащ зи псэр хамэ хэку кьыщызына ди лъэпкъэгъуэм.

ЗэІущІэр езыгъэкІуэкІа егъэджакІуэхэр адыгэбзэмкІэ кафедрэм и доцент УнэлІокІуэ Вячеславрэ кафедрэм и ассистент Пэрыт Линэрэ адыгэхэм я псэм бэныхь зельам, абыхэм яІэчэ гуэввэгъуэмрэ гугъуехьымрэ пэшым щІэсхэр щагъэгъуэза нэужь, утыкур хуит хуащІащ кьраГъэблэгъа хьэщІэхэм.

ХамэщІ щыпсэу ди лъэпкъгъуэм я нэгу щэкІам теухуа гъэжьыгъэхэр кьытхуэзыгъэна хэхэс тхакІуэхэм теухуауэ абы кьыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэмрэ ІуэрыіуатэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ, филологие щІэныгъэхэм я доктор **Пымыжь Хьэмыщэ**.

- Лъэпкым игъэва гуаэр, зэманым тІэщІигъэхуакъым. Хэхэс тхакІуэхэм куэдкІэ нэхъ кьащтэнт я бзэкІэ тхэфину, ауэ абыхэм кьатекІуэщ зыхэс лъэпкъхэм я бзэр, - жиІащ ищы.

ЩІэныгъэлІыр кьызэхуэсахэм кьахуеджащ апхуэдэ тхыгъэхэм щыщ пычыгъуэхэм. Тхыгъэхэм кьажащ адыгэхэр хамэ щІыналъхэм, я хабзэр кьащтэну хуэмеНуэ гугъуехь куэдым зэрыхэтар. Абыхэм гугъапІэу кьахуэнжьыр зыт - я лъахэм кьагъэзжьынырт. Аращ гупсысэ нэхъыщхьэу хэлъыр щІэныгъэлІыр кьызэджа ІэдакъэщІэкІэхэм.

Адыгэхэр хэкум зэрыраша щыкІэмрэ абы и щхьэусыгъуэхэмрэ я гугъу ищІащ адэкІэ кьэпсэлъа тхакІуэ **Кьумыкъу Мамдухь**

- Урыс-Кавказ зауэм хэта бгырыс лъэпкъхэм ящыщу адыгэхэм я бжыгъэр куэдкІэ нэхъыбэт. Абыхэм куэд тетхьыащ. Ар икІи гурыІуэгъуэщ, адыгэм щыщу цІыхуипщІ къэс бгъур хамэщІым щыщыІэкІэ, - жиІащ тхакІуэм. Адыгэхэм ди щыгъуэ махуэр ди гъащІэм хэкІыпкІэ Іэмал иІэкъым. Ар гуфІэгъуэ махуэ хьун папщІэ ди цІыхухэм хэкужьым кьагъэззэжьын хуейщ. Дыщогугъ мы Іуэхур кІуэтэну, - жиІащ абы.

- Адыгэ хэм гуаэхьхуэ я нэгу щІэкІащ, апхуэдэ нэгъэущІхэм кьащыщІауэ сэ зыщІыпІи сыкъыщеджакъым, - жиІащ КъБКъУ-м и проректор, адыгэбзэмкІэ кафедрэм и унафэщІ **Тау Хьэзешэ**. - Абыхэм хуэдэу я лъэпкъым, хэкум пщІэ хуэзышІарэ апхуэдизрэ абы щІэзэуарэ щыІэу кьыщІэкІынкъым. Ар ди щІэблэм ящІэн хуейщ, тщы-гъупщэкІи Іэмал зимыІэщ.

КьБКъУ-м филологиемкІэ и институтым и унафэщІ **Хьурей Элеонорэ** фІыщІэ яхуищІащ зэхьыхьэр кьызэзыгъэпэщащэм. Абы кьыхигъэщащ хамэ кьэрал кьинкІыжа ди хэкуэгъуэм пщІэшхуэ зэрахуэфащэр, абы щІэныгъэщхьэ зиІэ, ди университетым щезыгъаджэ зэрахэтыр. Абы фІыщІэ тхыльхэр яритыжащ «ЩІалэгъуэлагъ зауэм и бийщ» зыфІащауэ ирагъэкІуэкІа зэхьыхьэм жиІащэу. Ар студентхэм.

Филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор **БакІуу Хьанджэрий** жиІащ лъэпкъ зэгурыІуэныгъэм зэрыльытэнымрэ псом нэхъ я зэрыпнэхьапэр.

Зэхьыхьэм кьорихьэлІат хамэ кьэрал щыпсэу ди лъэпкъгъуэм я щІэблэу Налшык щеджэкэр, адыгэбзэмрэ литературэмкІэ кьудамэм щІэс студентхэр. Абыхэм «Истамбылакъу» гъыбзэр жаІащ, усэхэм кьеджащ.

ТХЫДЭР ЯЩІЭН ПАПЩІЭ

Ди лъэпкъым и щІалэгъуэр тхыдэм зэрыдебгъэхьхьыфынум и зы щапхъэщ Белгород къэрал университетым и къудамэу Налшык дэтым мы махуэхэм щызэхэта зэІущІэр. Ар теухуауэ щытащ Адыгэхэм я фэепль махуэм. Зэхьыхьэр кьызэрагъэпэщащ а Іуэхущ Іуэм и егъэджакІуэ ныбжьыщІэ Соблир Каринэрэ абы кьыледжа Пщыхуэфі Равидрэ.

ПШЫХЬЫР кьызэІуахащ Урыс-Кавказ зауэм и пэкІэ адыгэхэм я псэукІэр, дуней тетыкІэр, ахэр щІым зэрыгелэжьыкІыу щытар, ди пщащэхэм я дахагъэмрэ щыгъэхэм я Іыгъымрэ кьызыгъэльагъуэ тепльэгъуэхэмкІэ. Зэхьыхьэм кьрилъэм щІам, адыгэхэр хэкум зэрыгьаш теухуауэ «Истамбылакъу» гъыбзэм щІэту яГъэльгъуам псор игъэпІейтейр. Апхуэдэт Шинкубэ Бэгырат и «ЖылакІэ» тхыгъэм щыщ пычыгъуэ ахэр кьызджари. Зэхьыхьэм зэхуащІыжьым абыхэм яГъэщІащ убых кьафэр.

Зэхьыхьэм кьрихьэлІат композитор, усакІуэ ХьэІупэ Джэбрэил, хамэ кьэрал кьинкІыжа адыгэхэм щыщхэу ІутІыж Мэжид, Едыджэ Нихьаирэ Шукранрэ, Шыпш Ауни сымэ, нэгъуэщІхэри.

ЗэІущІэ нэужьым дэ захуэдгъэзащІэ кьызэзыгъэпэщащэм.

- Адыгэхэм я щыгъуэ махуэр ныбжьыщІэ куэдым махуэхуэу кьащІохьу, зищІысыр зэрамыщІэм кьыхэкІыу, - жеІэ Соблир Каринэ. - ЗэІущІэр кьыщІызэдгъэпэщар абы теухуауэ зыгуэр едгъэщІэн папщІэщ. Ар зэрытхуэзэфІэкІар нэхъыбэу зи фІыщІэр студентхэрщ. Сэ сызэреплъымкІэ, апхуэдэ щІэблэ лъэпкъым иІэху адыгэр кІуэдзыныкъым. Тхыдэ и лъабжьэуэ ЗэІущІэм адыгэм хуэдэу кьулейр машІэщ, зыгъэпсэлъыхьыни, езыгьгъэльэгъуэни и куэд. Апхуэдэ кьабзэуи кьулейц и хабзэмрэ и щэнхабзэмкІэ. Си щхьэкІэ пщІэшхуэ хуэощІ лъэпкъым папщІэ зы машІэми зыгуэр зыщІэну яужь итым.

Абы и псалъэхэм пищащ Пщыхуэфі Равидэ.

- Сэ мы еджапІэм сыщылажьэркъым икІи сыщеджэкъым. Си ныбжьэгъу Каринэрэ сэрэ нэгьабэ дыдаНэрэ дыхуейт мыпхуэдэ зэхьыхь кьыздгъэпэщыну. Зэманыр кьызэрыдэмэщІэкІам кьыхэкІыу ди мурад псори кьыдэхьуІакьым, ауэ дыщогугъ нобэ пэшым щІэсахэм дыззэхахауэ, едгъэлъэгъуар я гум хьыхьауэ. Ди жагъуэ мэхъу щІалэгъуалэм зи бзэр зымыщІэж зэрахэтыр, щэнхабзэм зэрыхамыщІыкІыр. Ди мурадыр зыщ - ди лъэпкъыр дгъэлъэпІэнырц. Дэ дыкъулейкІэ, къулейсызыфІэ кьыттезыгъауэр ди тхыдэм ныбжьыщІэхэм зэрыхамыщІыкІращи, ар гъэзэкІуэжьыпхъэщ. СроГушхуэ, сроПагэ сызэрыз-адыгэм, абы кьаруушхуэ кьыхэхилъхьэу кьыщІохьу. Сыхуейщ апхуэдэ гупсысэ дэтхэнэ зыми иІэну. ИтІанэ зыри кьыттекІуэнукъым, нэгъуэщІ лъэпкъыми дыхэшыпсыхьынукъым.

Абыхэм я гупсысэм кьыдохьу зэхьыхьэм хэта студентхэу КІуэкІуэ ФатІимэ, Хьурей Андемыркъан, Мысостышхуэ Исльам, Ержьб Марьянэ сымэ.

- Дыхуейщ илъэс кьэс мы Іуэхур кьэтІэтыну, дэ тщІэр, дызыщыгъуазэр нэгъэущІхэм ябгъэдгъэльхьэну. Щыгъуэ махуэм теухуа псалъэ гуузэм ди нэпсыр кьрагъакІуэу утыкум дитащ. ФІыщІэ яхуодмІ ар кьызэзыгъэпэщащэм абы дыхэтыну Іэмал кьызэрыдатам папщІэ, - жаІэ абыхэм.

Зэхьыхьэм и жэрдэмщІакІуэхэми студентхэми псалъэ гуаэр я хужаІащ я Іуэхур кьадэзыІыгъа еджапІэм и унафэщІ Щоджэн ФатІимэ.

БАЦЭ ФатІимэ.

ЖЭУАПЫМ ИРАШАЛІЭ

Арщыдан щыщ цІыхухъумрэ ар зыдэпсэу нарткъадэдэс цІыхубзымрэ зэгурыІуауэ афиянхэм егъэзыпІэ кьызэрыхуэзэрагъэпэщам ипкъ иткІэ зэрагъэкъуаншэм теухуа уголовнэ Іуэху Аруан район прокуратурэм ирагъэхьащ.

ЯГЪЭКЪУАНШЭХЭР 2011 гъэм и мазаем щыщІэдзауэ Нарткъалэ дэст абы псэупІэ кьыщащтауэ икІи ар наркотикым дихьэххэм хуит хуащІырт афиянымрэ абы щагъэхьэзырыну, езыхэми я Іыхьэ кьыхэкІыну ягурыІуэу.

Унэм, кьеЖуэлІахэм я Іуэху зэфІахьыху, цІыхубзым и нэІэм щІэтт псэуалъэм кьетГэщІыла щІыпІэр, зыпэмыплъа гуэр кьемыКІуэлІэн папщІэ. ИтІанэми абыхэм защихъэмэфакъым. Наркополицейхэм унэр кьыщащым кьагъэутащ Іущхьэ жэпкъ грамми 5-м щІигъу.

Ягъэкъуаншэ цІыхубзыр мызэ-мытІэу уголовнэ жэуапым ирашалІащ хабзэр кьызэпнуду наркотик куэду зэрихьуэмэм кьыхэкІыу.

СУАНОВЭ Залинэ.

КЪБР-м и Оперативнэ штабым къет

КъБР-м и хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм тепрорым пэщІэтынымкІэ Іуэхугъуэхэр щрагъэкІуэкІым, къаІэрыхьа хьыбарым ипкъ иткІэ, мы гъэм накьыгъэм и 23-м Бахьсэн куейм хьыхь я Іуэхэжьэм ящыщ зым пэгъунэгъуэ къагъэтащ щІым щІатІа литри 100 зэрыхуэ пластик кумбыгъэр.

АБы ирахащ: РПГ-26 гранатэдз, грамм 200 хьу тротил щашкэ, мм 7,62 шэуэ 60, гранатэдзм и шэу 1, АК-74-м и шалъэу 2, мм 5,45 шэуэ 64-рэ, кІэрахьэу мыцІыхуэм и шалъэу 1, хьэрэкІытІэу 1, бикфор кІапсэу 2.

Ахэр КъБР-м щыІэ МВД-м и ЭКЦ-м ирагъэхьащ. Уголовнэ Іуэху кьэІэтыным хопльэ.

КъБР-м и Оперативнэ штабым иджыри цІыхухэм захуегъаз терроРым пэщІэтынымкІэ ягъэува хабзэ щытыкІэр кьагурыІуэну. ишащ, мм 7,62 шэуэ 60, гранатэдзм и шэу 1, АК-74-м и шалъэу 2, мм 5,45 шэуэ 64-рэ, кІэрахьэу мыцІыхуэм и шалъэу 1, хьэрэкІытІэу 1, бикфор кІапсэу 2.

Ахэр КъБР-м щыІэ МВД-м и ЭКЦ-м ирагъэхьащ. Уголовнэ Іуэху кьэІэтынымкІэ хопльэ.

КъБР-м и Оперативнэ штабым иджыри цІыхухэм захуегъаз терроРым пэщІэтынымкІэ ягъэува хабзэ щытыкІэр кьагурыІуэну. Шэч зыхъуэфІыхэм, абы цІыхухэр, машинэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ хьихьэу, ятеухуа хьыбархэр евгъащІэ мы телефонхэмкІэ:

- КъБР-м щыІэ МВД-м - **40-49-10**, **49-50-62**;

- УФ-м и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и «Э» центрым - **42-70-52**;

- УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм - **48-16-02**, **48-15-81**;

- КъБР-м и Оперативнэ штабым - **48-16-37**, **48-15-48**.

Ди адэ ХьэфІыцІэ Мусэбий Дэвей и къуэр дыщэм зэрехьажам щхьэкІэ кьытхуэгуэзвахэу ІуэхущІапІэ зэхуэмыдэхэм я унафэщІхэм, жылагъуэ лъжьакІуэхэм, хамэ кьэралхэм щыІэ Адыгэ Хасэхэм я лІыкІуэхэм, ди кьуажэгъу, ныбжьэгъу псоми фІыщІэ яхуощІ.

ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд и унагъэр.

Тхыдэ щагъэгъуазэ

●Хъыбар гуапэ

Тхьэкъуахъуэ Тамир

Нэдгъэгъу Хьэзрэталий

Ут Плъыжьым ирокІуэ адыгэ щІалитІ

Дзэм къулыкъу щызыщІэ ди щІалэхэм я щытхъу кьыщытІэрыхьэкІэ ди гуапэ мэхъу. Псом хуэмыдэу ар фІыгъэуащІ адэ-анэхэм я деж. Адыгэдзэ хьыбар гуапэу иджыблагъэ кьытІэрихьащ ТекІуэныгъэшхуэр ильэс 66-рэ зэрырикъум и щІыкІэ накьыгъэм и 9-м Москва и Ут Плъыжьым щекІуэкІа парадым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ адыгэ щІалитІ зэрыхэтар. Прохладнэ районым хьихьэ Учебнэ жьыгаГъэм щыщ Тхьэкъуахъуэ Темыррэ Аруан районым и Черкэ кьуажэм кьыщІалъхуэ Надгъэгъу Хьэзрэталийрэщ апхуэдизкІэ зыхуащІар икІи абыхэм кьрагъэза дзыхьэр щІыхь пылъу ягъэззэщІащ.

2010 гъэм и бжьыхьэм Темыри Хьэзрэталий дзэм ираджащ. Хэкупсэу, жэуапІыныгъэ яхэлъу кьэхьу щІалэхэм жэрдэмыщхэу яІэу, я пщэрылъ нэхъыщхьэу кьалъытэ кьалэныр зэфІагъэкІыну я мураду армэм кІуащ. Ахэр щызэхьыжьэ ІащІ Санкт-Петербург щыІэ лъэсыдзэ частым. Зи гупсысэкІэхьащ, зи щІыпІэр хуабжьу ягу ирохь, балигъ хьуауэ, я гъащІэм кьащыхуэсэбэпын куэдым хуауащІ ягъэзэрыкІыжьу кьызэрыхьэжьыр шэч кьытхьэркъым. Апхуэдэу я дзэлъхуэм куэдкІэ ящогугъ Темырррэ Хьэзрэталийрэ я щыпхъуэхэр.

Ди лъэпкъэгъу щІалэхэм я псы кьэжэгъуэр дяпэкІэми, гъащІэм лъагъуэ пэж щыхашащи, адэкІи я мурад кьайхъуІІэу псэуну ди гуапэщ.

Адэ-анэр дяпэкІи куэдрэ зыгъэгуфІэн кьуэ пэж хъуну Тхьэм жиІэ!

НЭЩІПЫДЖЭ Замирэ.

Ут Плъыжьым ирокІуэ адыгэ щІалитІ

Дзэм къулыкъу щызыщІэ ди щІалэхэм я щытхъу кьыщытІэрыхьэкІэ ди гуапэ мэхъу. Псом хуэмыдэу ар фІыгъэуащІ адэ-анэхэм я деж. Адыгэдзэ хьыбар гуапэу иджыблагъэ кьытІэрихьащ ТекІуэныгъэшхуэр ильэс 66-рэ зэрырикъум и щІыкІэ накьыгъэм и 9-м Москва и Ут Плъыжьым щекІуэкІа парадым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ адыгэ щІалитІ зэрыхэтар. Прохладнэ районым хьихьэ Учебнэ жьыгаГъэм щыщ Тхьэкъуахъуэ Темырррэ Аруан районым и Черкэ кьуажэм кьыщІалъхуэ Надгъэгъу Хьэзрэталийрэщ апхуэдизкІэ зыхуащІар икІи абыхэм кьрагъэза дзыхьэр щІыхь пылъу ягъэззэщІащ.

2010 гъэм и бжьыхьэм Темыри Хьэзрэталий дзэм ираджащ. Хэкупсэу, жэуапІыныгъэ яхэлъу кьэхьу щІалэхэм жэрдэмыщхэу яІэу, я пщэрылъ нэхъыщхьэу кьалъытэ кьалэныр зэфІагъэкІыну я мураду армэм кІуащ. Ахэр щызэхьыжьэ ІащІ Санкт-Петербург щыІэ лъэсыдзэ частым. Зи гупсысэкІэхьащ, зи щІыпІэр хуабжьу ягу ирохь, балигъ хьуауэ, я гъащІэм кьащыхуэсэбэпын куэдым хуауащІ ягъэзэрыкІыжьу кьызэрыхьэжьыр шэч кьытхьэркъым. Апхуэдэу я дзэлъхуэм куэдкІэ ящогугъ Темырррэ Хьэзрэталийрэ я щыпхъуэхэр.

Ди лъэпкъэгъу щІалэхэм я псы кьэжэгъуэр дяпэкІэми, гъащІэм лъагъуэ пэж щыхашащи, адэкІи я мурад кьайхъуІІэу псэуну ди гуапэщ.

Адэ-анэр дяпэкІи куэдрэ зыгъэгуфІэн кьуэ пэж хъуну Тхьэм жиІэ!

НЭЩІПЫДЖЭ Замирэ.

●Спорт

Іэпщэрыбанэ

Урысейм и хэщІапІэ ин

Іэпщэрыбанэ зауэмкІэ федерацэм и Урысей лъэпкъ къудамэмрэ «Синдика-Шитэ» зауэкІуэ ІуэхущІапІэхэрэ СНГ-м и чемпионатрэ Урысей Федерацэм и Кубокыр къэхьыныкІэ зэпеуэрэ ирагъэкІуэкІащ.

ЧЕМПИОНАТЫМ команди 7 кьрихьэлІат Зэхьэзэхуэм кьеблэгъа хьэщІэ льапІэхэм яхэтащ Іэпщэрыбанэ зауэмкІэ дунейпсо федерацэм и вице-президент Ермаков Сергей, КъБР-м и вице-премьерыи и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Сэ хуэрокъуэ Хьэутий, Налшык кьалэ адміністрацэм и Іэтащхьэ Хьэгъэс Зальыпэр зэрыщІыкІыр, Налшык кьалэм и прокурор Кьаныкъуэ Валерэ, ФСКН-м и Іуэхущ Іапі эу КъБР-м щыІэм и унафэщІым и къудэзэ Соловьев Сергей сымэ.

Ямэ зэраубзыхуамкІэ, Налшык щрагъэкІуэкІыну я мурадащ а спорт лІэужьыгъуэм хуэІэзэхэм я къэрал чемпионат. АрщхьэкІэ СНГ-м и къикІ лъэІуэхэр кьызэрэпэщащкІуэ комитетым кьыІэрыхьэу щыхуеижьэм, зэхьэзэхуэм зэрагъэубгъащ.

Ермаков Сергей кьыщыпсальэм кьызэрыхитъэщамкІэ, Налшык Іэпщэрыбанэ зауэм зегъэужьыныкІэ Урысейм и хэщІапІэ ин дыдэщ икІи апхуэдэ зэхьэзэхуэхэр кьызэрэгъэпэщыкІэ зэфІэкІ иІэщ.

Республикэм и спортсменхэм ильэситІ и пэкІэ Португалием щызэхэта дунейпсо чемпионатым зэфІэкІыщхуэ щагъэльэгъуауэ, ди лЫкІуитхум ящыщу 3-м чемпион бгырыпхэр кьыхуагъэфэщауэ щытащ.

Іэпщэрыбанэ зауэмкІэ ди щІалэхэм лЫ нэсу зэрыщытыр дуней псом наІуэ щащу екъулІэныгъэфІэкІэ зыІэрагъэхьэ. А спорт лІэужьыгъуэр иджыпстэ зызыужьащ икІи ильэс кьэс я къэралым, дуней псом и щІыналъэ куэд кьызэІуебудэ. Налшык щызэхэта зэхьэзэхуэм кьрикІуэхэм ямпіонэ ирагъэкІуэкІыну яІэ дунейпсо чемпионатым кІуэнуХэр кьызэрыхьэнущ, - жиІащ Іэпщэрыбанэ зауэмкІэ дунейпсо федерацэм и урысей кьудамэм и унафэщІ Кьаныкъуэ Заур.

Зэпеуэм Кьэбэрдей-Балъкъэрым я спорт лІэужьыгъуэм бжьыпІэр зэрэщІыкІыр наІуэ щищащ. Я хьэлъагъкІэ, ныбжьыкІэ зыхэта гупхэм я деж ди спорстменхэр псоми яфІэкІащ. ТекІуэныгъэхэр кьажащ Сыжажэ Замир, Хьэщпакъ Елдар, Макаев Исльам, Батыр Мурат, Кьэрэшей Ахьмэд, Блий Іэюб, Хьэжырокъуэ Алим, Бырхьэм Мухьэмэд, КІыщ Азэмэт сымэ.

СНГ-м и чемпионатым зэтахэм я кІэух зэпеуэм Багъ Олег текІуэныгъэр кьыщыфІихьащ Осетие Ищхьэрэ-Аланием и спортсмен Келяхсаев Юрэ, Туменов Альберт кьефІэкІащ Дагъыстэным и лЫкІуэ Абдуллаев Мурат.

ТЕРКЪУЛ Мартин.

Урыс шашкэхэр

МафІэдз Анатолэ япэ йощ

Урыс шашкэхэмкІэ Налшык кьалэм пашэныгъэр кьыщыхьыщымкІэ зэхьэзэхуэ зэІуха щыкІагъэм и 12-24-хэм Налшык щыІэ «Ладья» шахмат-шашкэ клубым щекІуэкІащ. Абы хэтащ республикэм и шашист лъэпхъуэ КъБР-м зыбжанэрэ и чемпион хьуа МафІэдз Анатолэ. Балъкъыр Батий, Дол Барэсбий, Шаваев Хьэсэн сымэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтахэр тІорытІэ зэдэджэгуащ, зэм шашкэ хужьхэмкІэ, етІуанэм фІыщІэхэмкІэ. Псоми ефІэкІри, кьалэм и чемпион хьуащ очко 24-м щыщу 21,5-рэ зыІэрызыгъэхьа МафІэдз Анатолэ. ЕтІуанэ увыпІэр кьихьащ Дол Барэсбий, Шаваев Хьэсэн ещанэщ.

Зэпеуэм хэта ныбжьыщІэхэм я джэгукІэмэ удихьэхырт. СОШ №6-м и ешэ классым щеджэ Семенов Константин очко 14,5-рэ иІэу ещанэ увыпІэр кьихьащ. МафІэдз Анатолэ и гъэсэн, СОШ №27-м щеджэ Геккиев Аслъэрэ спортым и мастер Балъкъыр Батийрэ зэпеуэм джэгуКІэ нэхъ дах кьыщызыгъэлъэгъуахэм ящыщщ.

Республикэ чемпионатым зыхуагъэхьэзыр

Шахматхэр

Шахматэмкі республикэм и 69-нэ чемпионатым хэтыныгъэр кьыщыхьах зэхьэзэхуэ «Ладьи» клубым щызэ хэтащ.

АБы я зэфІэкІ щагъэлъэгъуащ республикэм и шахматист нэхъ льэщхэу 32-м. Зэхьэзэхуэм хэтахэм я нэхъыжь спортым и мастерым и кандидат Косилов Анатолий и ныб жьыр ильэс 72-рэ мэхъу. НэхъыщІэ дыдэ Егъэн илъэсиплІ, ауэ ар щІалэ икІи СОШ №52-м и 1-нэ классым щеджэ а щІалэ цыкІум дежкІэ ар мыхьэнэщхуэ зиІэ япэ зэхьэзэхуэщ.

Зэ хьэзэхуэр гуащІэу екІуэкІащ. Абы кьыхэкІыну нужьрей зэІущІэращ чемпионатым хэтыныгъэр наІуэ зыхуащІар. Аратн, мы гъэм мэкъуауэгъуэм и 15 - 26-хэм Бахьсэн кьалэ щекІуэкІыну республикэ зэхьэзэхуэм я зэфІэкІ щагъэлъэгъуэну Іэмал ягъуэтащ Къэп Іэдэм, Глазьев Юсуп, Къудей Руслан, Натарджан Катрик, Щыхьмырзэ ФатІимэ, Косилов Анатолий, Чечиев Хьэдис, Дыкьынэ Алим сымэ.

ЕФЭНДЫ Ермэнбий.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и кІуэдзэ), **ЖЬэКІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кІуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кІуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкьар Алик.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и щІэкІ щыІэ уэрам, 5, еБгъуанэ - ещанэ нэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - **42-56-19**; редактор нэхъыщхьэм и кІуэдзэхэм - **42-63-64, 47-31-54, 47-33-23**; жэуап зыхь секретарым - **42-22-82**; секретариатым - **42-22-66**.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхьмкі - **42-22-86**; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - **47-22-63, 42-57-59**; щэнхабзэмкІэ - **42-75-36**; обозревателхэм - **42-22-89**; хабзэхьэмэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныкІэ - **42-60-53**; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - **42-22-88**; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - **47-32-15**; зэдэзекІакІуэхэм - **42-21-88**; корректорхэм - **42-60-27**; бухгалтерием - **47-31-69**; ЭВМ-м и операторхэм - **42-22-84**; компьютер Іуэхущ Іапі эм - **42-26-41**; сурэтчэн - **42-75-78**.

Теддзэ тхыгъэхэм ящыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэу зыпыт щытхьэм.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьныр и пщэ дольщ федераль пошт эмышІыжьхэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щыпымкІэ жэуап ещхь КъБР-м и Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм щыхьэгъасым и 16-м №П-0065-м щІэту ягъащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и щІэкІ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ Дыщэкі Соня, редактору Ширдий Маринэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(2-нэ щІыІ.)*, ПкІыІыкІ Юрэ *(1, 4-нэ щІыІ.)*, корректорхэм я дІэпыкьыгъэ БатІитІэ Марьят. *КомпьютерІэ газетым и теплъэр ящІащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, ГъукІэлІ Рае, *сурэтхэм елэжьар* Биту Жанэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 22.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.002● Заказ №1414